O’zbekstan Respublikası Joqarı ha’m orta arnawlı
bilimlendiriw ministrligi

Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti

***SOTsİAL-EKONOMİKA FAKULTETİ***

«Qorg’awg’a ruxsat etilsin»
Fakultet dekanı
__________ e.i.k.T.Jeimuratov
«___» ___________ 2014 j

5340100 - «Ekonomika» ta’lim bag’darının’ 4-kurs studenti
Rzaev Salawattın’ «BAZAR QATNASIQLARI JAG’DAYINDA DIYQAN FERMER XOJALIQLARIN RAWAJLANDIRIWDIN’ NA’TIYJELERI”

***PİTKERİWShİ QA’NİGELİK JUMISI***

Student: __________ S.Rzaev
İlimiy basshı: ______ B.Gulimov

«Qorg’awg’a usınıs etilsin»
«Ekonomika» kafedrasının’ baslıg’ı
__________ e.i.k.Baltasheva.Z.A
«___» ___________ 2014 j

No’kis 2014 j

QARAQALPAQ MA'MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

Pitiriwshinin' kvalifikatsiyalıq jumısının' orınlanıw boyınsha

# T A P S I R M A

Student Salawat Rzaev

Qa'nigeligi «Ekonomika»

Temanın' atı « BAZAR QATNASIQLARI JAG'DAYINDA DIYQAN FERMER XOJALIQLARIN RAWAJLANDIRIWDIN' NA'TIYJELERI »

Praktikada bolg'an ornı Ekonomika Ministrligi.

İlimiy basshısı: E.İ.K. Gulimov.B

(f.i.sh, ilimiy atag'ı ha'm ilimiy da'rejesi)

Ma'slahatshı____________________________________________

(f.i.sh, ilimiy atag'ı ha'm ilimiy da'rejesi)

Jumıstın' maqseti: Diyqan fermer xojalıqlarının' ekonomikalıq na'tiyjeligin arttırıw.

orınlaw mu'ddeti

Kirisiw _____________________________ «___» ________ 2014 j

Tiykarg'ı bo'lim ______________________ «___» ________ 2014 j

Juwmaqlaw ___________________________ «___» ________ 2014 j

Jumıstı tayarlaw mu'ddeti «___» ________ 2014 j

Basshı _______________________________

Ma'slahatshı __________________________

(imza)

Tapsırma berilgen sa'ne «___» ________ 2014 j

Qabıl qıldım ________________________ «___» ________ 2014 j

(talabanın' imzası)

M A Z M U N I

KIRISIW……………………………………………………………………………3-5

I BAP: DIYQAN FERMER XOJALIQLARIN RAWAJLANDIRIWDIN' EKONOMIKALIQ TIYKARLARI

1.1.Diyqan xojaliqlarin rawajlandiriwdin' artiqmashilig'I ha'm mamleket tarepinen qollap quwatlaw……………………………………………………………………………6-10

1.2.Fermer xojaliqlarin qollap quwatlaw ha'm olarg'a qoyilatug'in talaplar………………11-23

II BAP. DIYQAN HA'M FERMER XOJALIQLARININ' EKONOMIKALIQ NA'TIYJE KO'RSETKISHLERININ' ANALIZI

2.1. O'zbekistan Respublikasi aymaqlarinda diyqan ha'm fermer xojaliqlarin rawajlandiriwdin' natiyjeleri…………………………………………………………………………..24-30

2.2. Diyqan ha'm fermer xojaliqlarinin' ekonomikaliq na'tiyjeligin' analizi……………..30-40

III BAP: DIYQAN FERMER XOJALIQLARININ' NA'TIYJELIGIN JETILISTIRIW JOLLARI

3.1. Fermer xojaliqlarinin' jer maydanlarin optimallastiriw………………………………45-52

3.2. Fermer xojaliqlarin materialliq-texnikaliq ta'miynlew ha'm potentsiallig'in arttiriw …………………………………………………………………..53-63

JUWMAQLAW…………………………………………………………………..64-65

PAYDALANILG'AN 'ADEBIYATLAR……………………………………………..65-67

# K İ R İ S İ W

**Temanin' aktuallig'i.** O'zbekstan Respublikası o'z g'a'rezsizligin alg'annan son' o'zine ta'n rawajlanıw jolın tan'ladı, yag'nıy bazar ekonomikasına o'tiw. Sebebi ekonomika rawajlanbay ma'mleket rawajlanıwı mumkin emes. Ha'r qanday ma'mlekettin' rawajlanıw da'rejesin onın' ekonomikası belgileydi. Ekonomikanın' tiykarı menshik forması bolıp tabıladı.

Ma'mleketimizdin' ekonomikalıq rawajlanıwındag'ı en' tiykarg'ı mashqala awıl xojalıq tarawlarına bazar qatnasıqların engiziw ha'm jeke mu'likshilikti rawajlandırıwg'a bag'darlang'an ko'p tarmaqlı diyqan fermer xojalıqların rawajlandırıw boyınsha ken' ko'lemli ilajlar a'melge asırılmaqta. Awıl xojalıg'ıda diyqan ha'm fermer xojalıqları, xojalıq jurgiziwdin' bazar mexanizminin' tiykarg'ı buwını bolıp tabıladı.

O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' 2003-jıl 27-oktyabrdegi «2004-2006 jıllarda, fermer xojalıqların rawajlandırıw kontseptsiyası haqqında»g'ı PF-3342-sanlı Parmanı ha'm Ministirler Kabinetinin' 2003-jıl 30-oktyabrdegi 476-sanlı «2004-2006-jıllarda diyqan ha'm fermer xojalıqların rawajlandırıw kontseptsiyasın a'melge asırıw ilajları haqqında»g'ı qararına muwapıq diyqan ha'm fermer xojalıqların kommertsiyalıq bankler arqalı tuwrıdan-tuwrı jen'illikli kreditlestiriw mexanizimi belgilendi.

Bugingi ku'nde ma'mleketimizdegi diyqan ha'm fermerlik xojalıqlarının' ha'reketi awıl xojalıq o'nimlerinin' tiykarg'ı o'ndiriwshisi ha'm agrar salanı ja'ne de rawajlandırıwda, xalıqtın' turmıs da'rejesin arttırıwda en' joqarg'ı sotsial-siyasiy ku'shke aylanbaqta.

Awıl xojalıq tarawlarının' o'ndiris na'tiyjeligin arttırıwda diyqan fermer xojalıqlarına bekitilgen jer maydanların optimallastırıw, paxta ha'm g'a'llenin' satıp alıw bahalarin arttırıw boyınsha a'melge asırılıp atırg'an izbe-iz isler na'tiyjesinde ekonomikamızdın' agrar sektorında strukturalıq sapa o'zgerisleri ju'z bermekte.

Paxta ha’m g’a’lle sıyaqlı strategiyalıq a’hmiyetli awıl xojalıg’ı eginleri menen bir qatarda, miywe-ovosh, sharwashılıq salalarında da o’ndiris ko’lemi sezilerli da’rejede artıp barmaqta, qayta islew tarmaqları ha’m ishki bazardı sut, go’sh, kartoshka, ovosh ha’m basqada awıl xojalıq azıq-awqat o’nimlerimen ja’ne de ko’birek toltırıw ushın bekkem shiyki zat bazasın ken’ ko’lemde rawajlandırıw isleri alıp barılmaqta.

Awıl xojalıg’ında strukturalıq reformalardı teren’lestiriw na’tiyjesinde 2013-jılda awıl xojalıg’ı jalpı o’nimi 106,8 protsenti quradı, sonın’ ishinde, diyqanshılıq 6,4 protsentke, sharwashılıq 7,4 protsentke o’sti.

Awıl xojalıg’ındag’ı ken’ ko’lemli o’zgerisler sapa jag’ınan ha’m jan’alanıwlar ju’z bermekte. Awıl xojalıg’ında ko’p tarmaqlı diyqan fermer xojalıqların sho’lkemlestiriw maqsetinde awıl xojalıg’ının’ bazar infrastrukturasın rawajlandırıw ken’ ko’lemli ilajlar iske asırılmaqta.

Diyqan ha’m fermer xojalıqlarında jeke ja’rdemshi xojalıqlarda sharwashılıqtı rawajlandırıw bag’darlaması a’melge asırılmaqta.

**Jumıstın’ maqseti,waziypalari:** awil xojalıq tarawlarının’ ekonomikalıq na’tiyjeligin artırıwdag’ı en’ aktual problemalardan biri diyqan ha’m fermer xojalıqlarının’ o’ndiris na’tiyjeligin arttırıw.

Awıl xojalıg’ının’ na’tiyjeligin sapa jag’ınan joqarı da’rejege alıp shıg’ıw maqsetinde 2012-jıl 22-oktyabrdegi O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ «O’zbekstanda fermerlik xızmetin sho’kemlestiriwdi tag’ıda jetilistiriw ha’m rawajlandırıw is-ilajları haqqında»-g’ı 4478-sanlı Pa’rmanı qabıllandı. Pa’rmannın’ qabıl etiliwi ma’mleketimizde fermer xa’reketin rawajlandırıwdın’ jan’a basqıshın baslap bermekte.

Jumıstın’ obekti bolıp, Karaqalpaqstan Respublikasının’ Ekonomika Ministrligi alınadı. Sonday aq jumıstı jazıwda o’zbek, rus ha’m shet el avtorlarının’ kitap, oqıwlıq, monografiyalarınan, gazeta, jurnallardan ha’m Ekonomika Ministrliginin’ 2011-2013-jılg’ı esabat mag’lıwmatlarınan paydalanıldı. Bakalavr jumısı kirisiw, 3-bap ha’m juwmaqlawdan ibarat, jumısta

alıng'an obekt boyınsha ekonomikalıq ko'rsetkishler O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikası mısalında analiz islengen.

**Jumistin' du'zilisi ha'm qurami**.Bul pitkeriw qanigelik jumisi kirisiw,u'sh bap, juwmaqlaw, paydalanilg'an a'debiyatlar ha'm qosimshalardan ibarat,

Kirisiw bo'liminde ko'p tarmaqli diyqan ha'm fermer xojaliqlarinin' rawajlandiriwdin' aktuallig'I berilgen.

Birinshi bapta diyqan ha'm fermer xojaliqlarinin' rawajlandiriwdin' ekonomikaliq tiykarlari ko'rsetilgen

Ekinshi bapta diyqan ha'm fermer xojaliqlarin rawajlandiriwdin' ekonomikaliq natiyjeligi analiz islengen

U'shinshi bapta diyqan ha'm fermer xojaliqlarin rawajlandiriwdi jetilistiriw jolaari berilgen

Juwmaqlaw bo'liminde u'yrenilgen analizler ha'm izertlewlerden kelip shiqqan halda bir Qatar usinis ha'm pikirler keltirilgen.

## **I-BAP:** DİYQAN FERMER XOJALIQLARIN RAWAJLANDIRIWDIN EKONOMİKALIQ TİYKARLARI

### 1.1. Diyqan xojalıqların rawajlandırıwdın' artıqmashılıg'ı ha'm ma'mleket ta'repinen qollap-quwatlaw

G'a'rezsizlik jıllarında awıl xojalıq tarawına bazar qatnasıqların engiziw ha'm jeke mu'likshilik formasın rawajlandırıwg'a bag'darlang'an ekonomikalıq reformalar boyınsha ken' ko'lemli is-ilajlar a'melge asırıw belgilendi. Awıl xojalıq tarawlarında diyqan-fermer xojalıqların rawajlandırıw boyınsha belgilengen pa'rman ha'm ilajlardı iske asırıwda bir qansha o'zgeshelikler payda boldı.

Awıl xojalıq jerlerinin' uzaq muddetli ijara mulki sıpatında beriliwi ha'm awılda bazar qatnasıqlarının' turmısqa engiziliwi diyqan-fermer xojalıqların qa'liplestiriw ha'm rawajlandırıwdın' en' a'hmiyetli tiykarı boldı. Usının' na'tiyjesinde diyqanlarda jerge ha'm islep shıg'arılıp atırg'an o'ndirislik o'nimlerge haqıyqıy iyelik tuyg'ısı bekkemlendi.

Diyqan xojalıg'ı dara mayda tovar xojalıg'ı bolıp, semya ag'zalarının' jeke miyneti tiykarında sho'lkemlestirildi. Shan'arak basshısına berilgen tamarqa jer uchastkasında awıl xojalıg'ı o'nimin jetistiredi ha'm realizatsiya qıladı. Olardın' tiykarg'ı maqseti jeke miynetlerine, mal-mu'lklerinen paydalang'an halda o'zlerinin' talapların qanaatlandırıw maqsetinde ha'm de basqa talaplardı qanaatlandırıw ushın awıl xojalıq o'nimlerin o'ndiredi. Olar sharwashılıq, miywe, palız o'nimleri menen tutınıw bazarın toltırıwda aktiv qatnaspaqta

Awıl xojalıq tarawlarının' bir turi bolg'an diyqan xojalıqları-jeke ja'rdemshi xojalıqlar esabınan sho'lkemlestirilgen turinde is alıp barg'an.

O'zbekstan Respublikası g'a'rezsizlik jıllarının' da'slepki ku'nlerinen baslap diyqan xojalıqların rawajlandırıw boyınsha bir qansha ilajlardı iske asırıw belgilendi. O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' 1991-jıl yanvar ayında belgilegen «İsshi ha'm awıllıq jerlerde jasawshı puqaralardın' jeke ja'rdemshi xojalıqların ja'nede rawajlandırıwdag'ı qosımsha ilajlar xaqqında»g'ı ha'm «Jeke tamarqa xojalıq iyeleri bolg'an diyqanlarg'a finanslıq ja'rdem ko'rsetiw, material-texnikalıq bazasın bekkemlew haqqında»g'ı pa'rmang'a tiykarlanıp usı jılda jeke

ja'rdemshi xojalıqlar ushın 108,5 mın' gektar suwg'arılg'an jerler ajıratıp berildi, ulıwma alg'anda olarg'a berilgen jerler maydanı 500-mın' gektardan ibarat boldı.

1997-jıl martta O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' «Jeke ja'rdemshi ha'm diyqan xojalıqların ma'mleket ta'repinen qollap-quwatlaw ha'mde ma'mleketti azıq-awqat penen ta'minlewde olardın' rolin arttırıw haqqında»g'ı pa'rman diyqan xojalıqlarının' birlespesin ja'nede ken'eytiriwge ha'm bekkemlewge mumkinshilik berdi:

Birinshiden, xalıqtın' jeke ja'rdemshi xojalıqları diyqan xojalıqlar turinde qayta tiklendi, ekonomikalıq huquqiy tiykarları bekkemlendi;

Ekinshiden, diyqan xojalıqlarının' sotsial-ekonomikalıq ahmiyeti ha'm olardın' awıl xojalıq isleri menen shug'ıllanıwshı isbilermenlik subektlerinin' o'zgeshelikleri belgilep berildi;

Ushinshiden, 1998-jıl 15 iyuldag'ı №300-sanlı qararg'a tiykarlanıp (dara) jeke ja'rdemshi xojalıqlardı diyqan xojalıqları dep belgiledi;

To'rtinshiden, «Diyqan xojalıqları haqqında»g'ı nızam olardı ma'mleket ta'repinen qollap-quwatlaw ha'm xojalıq jag'dayların ta'rtipke salıw mexanizmlerin belgilep berdi;

Diyqan xojalıqlarının' tiykarg'ı maqseti awıl miynetkeshlerinin' isbilermenlik jag'dayların ken'eytiriw na'tiyjesinde o'ndirislik resurslardan na'tiyjeli paydalanıw esabına jetistiriletug'ın o'nimnin' ko'lemin arttırıw. Usı menen bir qatarda jer resurslarınan unemli paydalanıw na'tiyjesinde jetistiriletug'ın o'nimnin' ko'lemin arttırıw ha'm qa'rejetlerden u'nemli paydalanıw ha'm aymaqlardın' ekonomikasın arttırıwda o'z u'leslerin joqarılatıwdan ibarat.

Diyqan xojalıg'ı awıl xojalıg'ında is jurgizwshi isbilermenliktin' bir turi bolıp bir qansha abzallıqlarg'a iye.

- o'ndiris ko'leminin' kishiligi bazar talap ha'm usınıslarına maslasqan halda kem qa'rejet sarıplap o'z xojalıq jag'dayların qayta sa'wlelendiriw imkaniyatlarına iye;
- jeke mu'lk iyeligi ha'mde jerge iyelik etiw huquqına iye boldı;

- jeke mu'lktti paydalanıw na'tiyjesinde o'z daramatların arttırıw mu'nkinshiligine iye boldı.

Diyqan xojalıqları agrar tarmaqta jan'a uklad formasında sho'lkemlestirilgen xojalıq bolıp, ol haqıyqıy mu'lk iyesinin' payda bolıwına imkaniyatlar jaratadı.

Diyqan xojalıqları jerlerge iyelik etiwde, jetistiriletug'ın o'nimnin' tu'rin, ko'lemin belgilewde, o'nimnin' qunın belgilewde, olardı satıwda ha'm asbab u'skenelerden paydalanıwda erkinliklerine iye boldı.

Bazar qatnasıqlarının' da'slepki jıllarında diyqan xojalıqlarının' jer maydanı 3243,6 mın' gektar jerge iye bolg'an xojalıqlardan ibarat boldı.

Respublikamızda diyqan xojalıqların rawajlandırıwda a'melge asırılıp atırg'an ilajlar na'tiyjesinde olardın' awıl xojalıq tarawında tutqan ornı ha'm o'nim jetistiriwde bir qansha o'zgerislerge iye bolmaqta. 2002 jıldın' juwmag'ında respublikada jetistirilgen ulıwma awıl xojalıq o'nimlerinin' 65,5 protsenti diyqan xojalıqları esabınan jetistirilgen, usı menen bir qatarda palız o'nimlerinin' 76,3 protsenti, kartoshkanın' 89,1 protsenti, go'sh o'niminin' 93,2 protsenti, suttin' 95,2 protsenti ha'm ma'yektin' 55,8 protsenti diyqan xojalıqları esabınan jetistirilgen.

Bu'gu'ngi ku'nde diyqan xojalıqların sho'lkemlestiriwde bir qansha tabıslarg'a erisilmekte ha'm olardı to'mendegishe ta'riyplew mu'mkin:

- Xojalıqtı sho'lkemlestiriwdin' ıqshamlıg'ı ha'm olardın' bazar qatnasıg'ına tez sin'isiwi;
- Xojalıq ag'zalarının' belgili bir shan'araqqa tiyisliligi;
- Shan'araq da'ramatları esabınan islep shıg'arıwdı sho'lkemlestiriwdin' imkaniyatları;
- Miynetti sho'lkemlestiriw ha'm xojalıqtı basqarıwdag'ı qolaylılıqlar.

Miynet ha'm xalıqtın' sotsiallıq qorg'aw ministrligi mag'lıwmatlarına qarag'anda diyxan xojalıqlarında jumıs penen ba'nt bolg'an xalıq sanı 2007-jılda 1472,5 mın' adamnan, 2011-jılga kelip 1745 mın' adamg'a yaki 18,5 payızg'a artqan.

O’zbekstan Respublikasının’ aymaqlarında diyqan xojalıqlarında jumıs penen ba’nt bolg’anlar sanının’ dinamikasi (mın’ adam esabında)

Tablitsa-1

| Territoriyalar | Diyxan xojalıqlarında jumıs penen ta’miynlengen xalıq sanı | | |
|---|---|---|---|
| | 2007 j | 2011 j | 2011 j- 2007 jılg’a salıstı rg’anda o’zgeriw % |
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 103,9 | 96,7 | 93,0 |
| Oblastlar: | | | |
| Andijan | 170,1 | 177,8 | 104,5 |
| Buxara | 129,4 | 151,4 | 117,0 |
| Jizzax | 63,4 | 98,1 | 154,7 |
| Qashqada’rya | 128,6 | 150,2 | 116,7 |
| Nawayı | 49,4 | 60,8 | 123,0 |
| Namangan | 95,4 | 114,6 | 120,1 |
| Samarqand | 148,3 | 188,8 | 127,3 |
| Sırda’rya | 26,8 | 60,2 | 224,6 |
| Surxanda’rya | 129,8 | 153,6 | 118,3 |
| Tashkent | 177,4 | 190,6 | 107,4 |
| Ferg’ana | 168,2 | 192,7 | 114,5 |
| Xorezm | 81,5 | 106,0 | 130,0 |
| Tashkent q. | 0 | 6,2 | - |
| Respublika boyınsha | 1472,5 | 1745,0 | 118,5 |

Diyqan xojalıqlarında jumıs penen ba’nt xalıqtın’ sanı jıl sayın artıp, 2007 jılı 1472,5 mın’ adamnan 2011 jılda 1745,0 mın’ adamg’a yaki 11,8 payızg’a ko’beydi. Bul ko’rsetkishler respublika ko’leminde ba’ntliktin’ bir qa’lipte bolmag’anın ko’rsetedi. Analiz islegen jıllarda Qaraqalpaqstan Respublikasındag’ı

diyqan xojalıqlarındag'ı jumıs penen ba'nt bolg'anlar sanı 7,0 payızg'a kemeygen. Ulıuma Respublika boyınsha bul korsetkish 18,5 payızg'a artqan.

Qaraqalpaqstan Respublikasın' awıl xojalıq tarawlarında bugingi ku'nge kelip 227292 diyqan xojalıqları is alıp barmaqta, usının' 2028 jeke xojalıqlardan ibarat, olarga bekitilgen ulıwma jer maydanı 45,5 mın' gektardan ibarat.

Qaraqalpaqstan Respublikasındag'ı diyqan xojalıqlarının' o'ndiris jag'dayları

Tablitsa- 2

| Ko'rsetkishler | 2011 | 2012 | 2013 | 2013/2011 salıs-da% |
|---|---|---|---|---|
| QR-boyınsha diyqan xojalıqlar sanı | 228928 | 225904 | 227292 | 99,2 |
| Jer maydanı | 45369 | 45369 | 45490 | 100,2 |
| maydanı mın' ga | 36,9 | 31,7 | 33,6 | 85,9 |
| U.i.jeke xojalıqlar | 1419 | 1882 | 2028 | 142,9 |
| Jeke xojalıqlardın' jer maydanı | 341,1 | 437,0 | 456,2 | 133,7 |
| Diyqan xojalıqlarında islewshiler sanı | 243649 | 243270 | - | - |
| Sharwashılıq tarawında bant bolg'anlar sanı | 180828 | 180278 | - | - |
| Jetistirilgen o'nimler mln.swm | 351923,9 | 441113,2 | 508180,4 | 144,4 |
| Da'n tn. | 66,7 | 62333 | 67499 | 101,0 |
| Salı tn. | | 2882 | 1290 | |
| Kartoshka mın' tn. | 28,0 | 26,5 | 28,9 | 100,2 |
| Ovosh mın' tn. | 110,9 | 100,3 | 120,1 | 108,2 |
| Palız mın' tn. | 34,5 | 41,3 | 48,8 | |
| Go'sh mın' tn. | 58,9 | 66,5 | 74,4 | |
| Su't mın tn. | 183,6 | 212,5 | 255,5 | |

Bul tablitsada Qaraqalpaqstan Respublikasındag'ı diyqan xojalıqlarının' o'ndiris jag'dayları berilgen. 2011-jılda diyqan xojalıqları sanı 228928 bolsa, bul ko'rsetkish 2013-jılda 227292 bolg'an. Tablitsadan usı na'rseni ko'riwge boladı diyqan xojalıqları sanı biz analiz islegen jıllarda 1636 xojalıqqa kemeygen bunın' sebebi keyingi jıllarda azıq-awqat o'nimlerin jetistiriw jeke xojalıqlar esabınan ha'm sho'lkemlestirilmekte. Usının' na'tiyjesinde jeke xojalıqlar sanı 2013-jılda 2011-jılg'a qarag'anda 609 xojalıqqa ko'beygen.

## **1.2.** FERMER XOJALIQLARIN QOLLAP-QUWATLAW HA'M OLARG'A QOYILATUG'IN TALAPLAR

Awıl xojalıg'ında mu'lkshilik qatnasıqların jetilistiriwdin' za'rurligi sonnan ibarat, rawajlang'an ma'mleket ta'jriybesinde fermer xojalıqları agrobiznestin' basqa formalarına qarag'anda na'tiyjeli bolıp, sha'rayatqa tez iykemlesiwi menen bir qansha abzallıqlarg'a iye. Bunı tiykarınan to'mendegishe sıpatlap o'tiwimiz orınlı:

Fermer xojalıg'ı en' da'slep g'a'rezsiz bolıp, ol bazar nızamları menen basqarıladı, fermer xojalıg'ı o'zinin' miyneti menen mu'lkin ha'reketke keltirip, za'rur, bolg'anda jallanba miynetten ha'm paydalanıp, o'zi ushın isleydi, fermerlik iskerliginde isbilermenlik, miynet etiw ha'm olardın' na'tiyjesi bolg'an ekonomikalıq ma'p ja'mlengen boladı.

Da'slep zıyan ko'rip isleytug'ın, rentabelligi pa's ha'm keleshegi joq shirket xojalıqların saplastırıw negizinde du'zilgen jeke fermer xojalıqları bu'gingi ku'nde haqlı ra'wishte awılda jetekshi buwıng'a – awıl xojalıq o'nimlerin islep shıg'arıwshı tiykarg'ı ku'shke aylandı.

Fermer xojalıqları isbilermenliktin' bir tu'ri bolıp, awıl-xojalıq miynetkeshlerinin' ta'wekelshiligi esabınan sho'lkemlestiriledi.

Elimizde awıl-xojalıg'ında diyqanshılıq, fermerlik penen shug'ıllanıwdı qa'lewshi adamlarg'a jer maydanların ajıratıw, olar ushın banklerden uzaq muddetli kreditler beriw ma'seleleri sheshilmekte.

Bul isbilermenliktin’ bir tu’ri bolg’an diyqan-fermer xojalıg’ın du’ziw, sho’lkemlestiriwge tiykarg’ı negiz bolıp tabıladı. Diyqan-fermer xojalıg’ın rawajlandırıwdı jetilistiriw bul elimizdin’ ekonomikasın ko’teriwdegi ma’selelerdi sheshiwdin birden-bir jolı bolıp tabıladı.

Elimizde diyqan-fermer xojalıqların rawajlandırıw ha’m bekkemlew ushın ken’ ko’lemli isler a’melge asırılıp atır. Diyqan-fermer ha’m fermer xojalıg’ı isbilermenliktin’ bir forması. Yuridikalıq ta’rep huquqına iye bolg’an xojalıqtı g’a’rezsiz tu’rde jurgiziwshi awıl-xojalıq o’ndirisine o’zi iyelik etetug’ın jer maydanınan paydalang’an halda awıl-xojalıq o’nimin jetistiriw menen shug’ıllanıwshı subekt fermer xojalıg’ı dep ataladı.

Fermer so’zinin’ o’zine kelsek, ol inglis tilinen alıng’an bolıp, awıl-xojalıg’ında jeke isbilermenlik penen shug’ıllanıwshılarg’a aytılg’an, yag’nıy diyqan, sharwa so’zlerinin’ ma’nisine jaqın keledi.

Fermer xojalıg’ın sho’lkemlestiriwde ha’r bir fermer ushın jerden turaqlı tu’rde paydalanıw, o’nimlerdin bahasın belgilew, bir-birlik o’nim ushın sarıplang’an o’ndirislik shıg’ınların anıqlaw wazıypaları belgilengen.

Fermer xojalıg’ındag’ı da’ramatlardın’ o’zgerisi xojalıqtan alınatug’ın zura’a’tlikke ha’m xojalıqtın’ egislik jer maydanlarının’ o’zgeriwine baylanıslı ondag’ı zura’a’tlilikti arttırıw talap etiledi.

Fermer xojalıg’ının’ ekonomikalıq natiyjeliligi xojalıqtın’ daramatının’ o’zgerisine baylanıslı.

Daramattın’ o’zgerisi:

1. Jetilistirilgen o’nim ko’lemi.
2. Zura’a’tlilik
3. Jer maydanının’ ko’lemi.
4. O’ndirislik resurstan paydalanıwg’a h.t.b. esabınan belgilenedi.

Fermer xojalıqların sho’lkemlestiriwde to’mendegi wazıypalar belgilenedi:

1. Awıl-xojalıg’ı o’nimlerine bolg’an talap.
2. O’ndiris jag’dayın sho’lkemlestiriwdegi ma’mleket ta’repinen qollap-quwatlawlar.

3. Diyqan ha'm fermer xojalıg'ın sho'lkemlestiriwdegi o'z erkinligi.

Bazar ekonomikası jetik rawajlang'an ellerde fermer xojalıqları ma'selesi uzaq ha'm qısqa muddetli ma'selede qaraladı ha'm ma'mleket siyasatı usıg'an baylanıslı alıp barıladı.

Uzaq muddetli ma'sele degende fermer daramatı ha'm onın' o'nimi bahasının' ulıwma ekonomika boyınsha qa'liplesken daramat ha'm baha qa'ddinen artıq bolıwına baylanıslı dep qaraladı. Qısqa muddetli diyqan-fermer xojalıqlarında da'ramattın' turaqsızlıg'ı o'zgermeliligine baylanıslı.

Fermer xojalıqlarının' tiykarg'ı ma'seleleri to'mendegilerden ibarat:

1) Awıl-xojalıq o'nimlerine bolg'an talaptın' o'zgerisleri menen onın' bahası arasındag'ı baylanıstın' bir qa'lipte bolmawı, yag'nıy o'nimge bolg'an talaptın' o'siwi, bahanın' joqarılawına alıp keledi.

2) İlimiy-texnikalıq progresstin' rawajlanıwı ha'm onın' awıl xojalıq o'nimlerine yag'nıy o'ndiriske unamlı tasiri natiyjesinde usınıs talaptan o'sip ketedi.

3) Lizing operatsiyaların a'melge asıradı.

4) Awıl-xojalıg'ı miynet resurslarının' basqa tarawlarg'a ko'shiwi, onın' awıl-xojalıq tarawında islewshilerdin' ortasha daramatlarının' joqarılawına ta'sir tiygizbeydi. Usı faktorlar sebebinen awıl xojalıg'ında fermer xojalıqları o'nimlerine bolg'an bahalardın' ha'm olardın' darmatlarının' basqalarg'a salıstırg'anda to'men ekenliginen derek beredi.

Fermer xojalıqların sho'lkemlestiriw u'sh variantta alıp barıladı:

1) Ma'mleketlik qollap-quwatlawlar esabınan kooperativlik ja'miyetler, xojalıqlardı sho'lkemlestiriw.

2) Fermer xojalıqların sho'lkemlestiriw, jerlerdi, awıl xojalıq texnikaların, sharwa malların ha'm basqalardı arendag'a beriw.

3) Dara xojalıqlar esabına sho'lkemlestiriw.

O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov Oliy Majlis nızamshılıq palatası ha'm Senatının' qospa ma'jlisindegi Respublika awıl xojalıg'ında a'melge

asırılıp atırg'an ekonomikalıq reformalar ha'm ju'zege kelip atırg'an mashqalalarg'a toqtalıp, olardı saplastırıw jolların ko'rsetip berdi;

1. G'a'rezsizliktin' da'slepki ku'nlerinen baslap-aq, ma'mleketimiz xalıq xojalıg'ının' a'himiyetli talabı esaplang'an awıl xojalıg'ın tu'pten reformalawg'a, tarmaqta bazar qatnasıqların qa'liplestiriwge tiykarg'ı itibarın qarattı.

O'zbekstanda ko'p ukladlılıqtı payda etiw protsessinde fermer xojalıqların rawajlandırıw ayrıqsha orın tutadı. Fermer xojalıqları du'nya ta'jriybesinin' ko'rsetiwinshe ekonomikanın' agrar sektorında bazar xojalıg'ının' sınalg'an forması bolıp sanaladı. Bul xojalıqlardın' na'tiyjeli islewi ma'mleketimiz ekonomikasına sezilerli ta'sir etedi. Sol sebepli fermer xojalıg'ı agrar reformalardın' bas buwınına aylandı.

2. Fermer xojalıg'ı rawajlang'an ma'mleketlerdin' neshe jıllardan beri ta'jriybesinde o'zinin' na'tiyjeligi ba'sekige shıdamlılıg'ı menen bazar konyukturasına tez maslasa alıwday qa'siyetlerin ko'rsete aladı. Sog'an qaray O'zbekstanda da fermer xojalıqlarının' rawajlanıwına itibar qaratılıp, olardın' xızmetinin' kerekli ekonomikalıq qolaylıqları jaratıldı, normativ huqıqıy tiykarları islep shıg'ıldı.

Respublikamızda fermer xojalıqların materiallıq-texnikalıq jaqtan ta'miyinlew ha'm finaslastırıw boyınsha bazar ekonomikası printsiplerine tolıq juwap beretug'ın isenimli sistema ha'm mexanizmler qa'lipleskenligi ha'mde na'tiyjeli xızmet ko'rsetilip atırg'anlıg'ı ma'lim.

3. Ma'mleketimizde ha'r jılı fermer xojalıqların qollap-quwatlaw ushın u'lken mug'darda materiallıq resurs ha'm qarjılar ajıratılmaqta. 2010- jıldın' o'zinde awıl xojalıq o'nimlerinin' en' za'ru'r tu'rlerin jetistiriw ushın 1 trillion sum, sonday-aq paxta tayarlawg'a 800 milliard sum, g'a'lle jetistiriwge 200 milliard sum, qarjı avans esabında tarqatıldı.

2010 - jılda bolsa usı maqsetler ushın 1trillion 200 milliard sum ajıratıldı. Awıl xojalıq texnikasın lizing tiykarında satıp alıw ushın arnawlı tu'rde sho'lkemlestirilgen fond esabınan usı maqsetler ushın o'tken jılı 43 milliarddan

aslam qarjı ajıratılg’an bolsa, bıyılg’ı jılda 58 milliard sumnan artıq qarjı ajıratılmaqta.

Respublikamız ta’repinen ko’rsetilip atırg’an usınday itibar ha’mde ja’rdemler 2009 jılda fermer xojalıqlarının’ awıl xojalıg’ı o’nimlerinin’ tiykarg’ı tu’rlerin o’ndiriwdin’ u’lesi sezilerli da’rejede o’sti. Awıl xojalıg’ındag’ı paxta 99,1 % ha’m g’a’llenin’ 79,2 %ti fermerler ta’repinen jetilistirilmekte. Diyqan xojalıqları bolsa su’t jetilistiriwdin’ 96,8 protsent, sharwashılıq ha’m qusshılıq o’nimleri boyınsha 95 protsent, kartoshka 83,4 protsent, ju’zim, miywe ha’m basqada o’nimler fermer xojalıqları ta’repinen jetilistirilmekte.

4. Respublikamızda fermer xojalıg’ın rawajlandırıwda bank tarawının’ xızmeti ayrıqsha orıng’a iye bolmaqta.

O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 2006-jıl 23-marttag’ı PQ-308 sanlı qararın orınlaw maqsetinde bank ha’m onın’ fillialları ta’reninen kem ta’miynlengen semyalarg’a banklerdin’ o’z qarjıları esabınan 7743,0 mln.sum ja’mi 25549,0 mln.sum mug’darındag’ı jen’illetilgen turdegi kredit ajıratıldı.

5. Finanslastırıw mexanizminin’ en’giziliwi fermer xojalıqları xızmetine unamlı ta’sir ko’rsetpekte. Awıl xojalıg’ı ka’rxanalarında finanslıq resurslardan paydalanıw na’tiyjeligin asırıw, o’nimnin’ o’zine tu’ser baxasın azaytıw fermer xojalıqlarının’ finanslıq jag’dayın jaqsılaw ha’m olardın’ xızmetin bazar talaplarına sa’ykeslestiriwge xızmet etpekte.

Ekonomikanın’ tiykarın qurawshı awıl xojalıq o’ndiriwshilerine bank ta’repinen xızmet ko’rsetiwdi zamanago’y infrastrukturanı qa’liplestiriw en’ baslı wazıypalardan biri bolıp esaplanadı. Sonnan kelip shıg’ıp, klientlerge xızmet ko’rsetiwdi elede jaqsılaw maqsetinde bankler ta’repinen 800 filial, 2161-mini bankler bolıp olar tiykarınan awıllıq jerlerde xızmet ko’rsetip atırg’an diyqan ha’m fermer xojalıqlarına, isbilermenlerge na’tiyjeli tu’rde xızmet etpekte.

Bunnan tısqarı Ministler Kabinetinin’ 2001 jıl 10-sentyabrdegi fermer xojalıqların qarjı menen ta’miyinlew olarg’a bajıxana jen’illiklerin beriw, bank xızmeilerin ha’m basqada xızmetler ko’rsetiw boyınsha qosımsha ilajlar

haqqında»g'ı 366-sanlı qararı tiykarında kommertsiyalıq bankler byutdjetten tısqarı qorlarının' kredit liniyaları esabınan kreditlew ta'rtibi haqqında reje islep shıg'ıldı.

Respublikamızda kommertsiyalıq bankler ta'repinen xalıqtın' kreditlerge bolg'an talapların qanaatlandırıw ushın barlıq mumkinshilikler berilmekte. Bank ta'repinen tutınıw kreditlerinin' beriliw Respublikada o'ndirilgen tutınıw tovarların satıp alıw ushın ken' mu'nkinshilikler jaratılmaqta, ipoteka kreditleri jas semyalardın' basqada tu'rdegi xalıqtın' turaq-jaylarg'a bolg'an talapları qanaatladırıw da'rejesin artırmaqta.

2010-jılda O'zbekstan bankler Assotsiatsiyası ta'repinen 19 kommertsiyalıq bank ta'repinen 40-dan artıq tu'rdegi tutınıw kreditleri berilgen, olar 6 aydan 3 jıl muddetindegi aralıqlarg'a berildi.

Ha'zirgi ku'nde 20 kommertsiyalıq bankler ta'repinen 37 tu'rdegi ipoteka kreditleri berilmekte, olar 3 jıldan 15 jıl aralıg'ındag'ı mu'ddetlerge berilmekte.

Bank ta'repinen fermerlerdi kreditlestiriwdin' o'zine ta'n za'ru'rli artıqmashılıqlarg'a iye.

- fermerlerge beriletug'ın kredittin' maksimal mug'darı belgilep qoyıladı ha'm fermer bank ha'r sapar kredit soraw za'ru'rliginen qutıladı,

- fermer kredittin' tek g'ana jumsalg'an bo'legi ushın protsent to'leydi, bul bolsa onın' protsentli shıg'ınların kemeytedi,

- bunday kreditler fermer kapitalının' shen'berli aylanıw u'zliksizliginin' ta'miynlew imkaniyatın beredi,

- kommertsiyalıq bankler kreditten maqsetli tu'rde paydalanıp atırg'anlıg'ı ha'm kredit sha'rtnaması sha'rtlerinin' orınlanıp atırg'anlıg'ı u'stinen qadag'alap barıw imkaniyatına iye boladı.

Respublikamızda awıl xojalıg'ı ka'rxanalarının' sapalı xızmet ju'rgiziwi ha'm rawajlanıp barıwı ko'p ta'repten olar ushın jaratılg'an sharayatlarg'a baylanıslı. Bul bag'darda a'sirese qolaylı finans-kredit ha'm salıq mexanizmlerin qa'liplestiriw za'ru'r orın tutadı. Reformalar dawamında fermer xojalıqların finans-kredit ha'm salıq mexanizmleri arqalı qollap-quwatlawdın' sapalı sistemasına tiykar salındı:

- ma'mleket talabı ushın satıp alınatug'ın awıl xojalıg'ı o'nimlerin jetistiriwshi fermer xojalıqları ushın jen'illestirilgen kredit sisteması jolg'a qoyıldı;

- fermer xojalıqları ushın jerlerdin' o'nimdarlıg'ına baylanıslı bolg'an jalg'ız jer salıg'ı to'lew boyınsha jen'illikler ja'riyalandı;

- fermerlerge texnikanı jen'illestirilgen sha'rtler boyınsha lizing tiykarında jetkerip beriw ta'rtibi ja'riyalandı;

- fermer xojalıqları ushın jen'illestirilgen kredit sisteması jaratıldı;

- ball boniteti pa's bolg'an jerlerde paxta ha'm g'a'lle jetistiretug'ın fermer xojalıqlarının' zıyanın qaplaw maqsetinde olarg'a finanslıq ja'rdem beriw sisteması ja'riyalandı;

- irrigatsiya ha'm melioratsiya sistemasın ma'mleket ta'repinen qollap-quwatlaw a'meliyatqa usınıladı.

Kommertsiyalıq bankleri ha'm byudjetten tısqarı jamg'armalardın' kredit siyasatında diyqan (yuridikalıq shaxs da'rejesindegi) ha'm fermer xojalıqları ushın bir qatar jen'illikler belgilangen bolıp, olardı to'mendegilerde ko'riw mu'mkin:

- Kommertsiyalıq banklerinin' jen'illestirilgen kredit beriw arnawlı jamg'arması qarjıları esabınan berilgen kreditlerden paydalang'anı ushın jen'illestirilgen payız stavkası mug'darı O'zbekstan Respublikası Oraylıq banki qayta qarjılandırıw stavkasının' 50 payızdan artıq bolmag'an mug'darda belgilenedi;

- "Mikrokreditbank"tin' qarjıları esabınan beriletug'ın, en' kem is haqının' 200 barabarına shekem bolg'an da'slepki da'ramat ushın mikrokreditler jıllıq 5 payızlı stavkada, biznesti ken'eytiw ha'm aylanba qarjılardı toltırıw ushın en' kem is haqının' 500 barabarina shekem mikrokreditler Oraylıq bank qayta qarjılandırıw stavkasınan artıq bolmag'an mug'darda belgilenedi;

- jan'a sho'lkemlestirilgen, yuridikalıq shaxs da'rejesine iye bolg'an diyqan xojalıqlarına en' kem is haqının' 150 barabarı, fermer xojalıqlarına bolsa 300 barabarı mug'darında da'slepki da'ramat ushın jıllıq 5 payızlı jen'illestirilgen kreditler beriw jolg'a qoyıldı;

- ma’mleket talabı ushın da’n ha’m paxta jetistiriwshi fermer xojalıqlarına beriletug’ın avans qarjılarının’ aldınan 3 payızlı jen’illestirilgen stavka menen kredit ta’rzinde beriliwi jolg’a qoyıldı.

Keyingi jıllarda fermer xojalıqların finanslıq jaqtan qollap-quwatlaw sistemasın ja’ne de jetilistiriwge itibar berilmekte.

O’zbekstan Respublikası Finans ministrligi janındag’ı Ma’mleket za’ru’rlikleri ushın jetistirilip atırg’an awıl xojalıg’ı o’nimleri menen esap-sanaq etiw jamg’arması mag’lıwmatları boyınsha, 2003-2011-jıllarda respublikamızda ma’mleket talapları ushın paxta ha’m g’a’lle jetistiriwshi awıl xojalıg’ı ka’rxanalarına ajıratılıp atırg’an jen’illestirilgen kreditler mug’darı 2003-jıldag’ı 309,1 milliard sumnan 2011-jılda 1 598,8 milliard sumg’a astı.

Keyingi jıllarda fermer xojalıqların turaqlı rawajlandırıw ushın qolaylı sharayatlar jaratıw maqsetinde o’nimdarlıg’ı pa’s bolg’an jerlerde ma’mleket za’ru’rlikleri ushın awıl xojalıg’ı o’nimlerin jetistiriwshi fermer xojalıqların ma’mleket ta’repinen finanslıq qollap-quwatlaw ushın qarjılar ajıratıw a’meliyatta qollanılmaqta. O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 2007-jıl 5-noyabrdegi “O’nimdarlıg’ı pa’s jerlerde ma’mleket za’ru’rligi ushın awıl xojalıg’ı o’nimlerin jetistirip atırg’an fermer xojalıqların qollap-quwatlaw ilajları haqqında”g’ı PQ-725-sanlı Qararında fermer xojalıqların turaqlı rawajlandırıw ushın qolaylı sharayatlar jaratıw, olarg’a sapalı ha’m a’meliy ma’mleket ja’rdemin ko’rsetiw maqsetinde O’zbekstan Respublikası Ma’mleket byudjetinde o’nimdarlıg’ı pa’s bolg’an jerlerde ma’mleket za’ru’rlikleri ushın awıl xojalıg’ı o’nimleri jetistiriwshi fermer xojalıqların finanslıq qollap-quwatlaw ushın maqsetli qarjılar ajıratıw, Finans ministrligine ha’r jılı ma’mleket byudjeti proektin qa’liplestiriwde usı maqsetlerge jer salıg’ı boyınsha tu’simler esabınan qarjılar ajıratıw wazıypası ju’kletildi.

Usı qararg’a muwapıq, ball boniteti pa’s jerlerde ma’mleket za’ru’rlikleri ushın paxta jetistiriw menen shug’ıllanıp atırg’an fermer xojalıqların finanslıq qollap-quwatlawg’a ma’mleket byudjetinen ajırıtılıp atırg’an qarjılar mug’darı 2008-jıldag’ı 60 milliard sumnan 2012-jılda 160 milliard sumg’a astı.

A’melge asırılg’an ken’ ko’lemli isler na’tiyjesinde 2006-2011-jıllar dawamında shorlanbag’an maydanlar ko’lemi 2 109 mın’ gektardan 2 192 mın’ gektarg’a ken’eyip, ku’shli shorlang’an maydanlar ko’lemi 163 mın’ gektardan 126 mın’ gektarg’a qısqardı. Jer astı suwları qa’ddinin’ teren’ligi 1,5 metrge shekem bolg’an maydanlar ko’lemi 2001-2011-jıllar dawamında 272 mın’ gektardan 177 mın’ gektarg’a qısqardı.

Suwg’arılıtug’ın jerlerden paydalanıw o’nimdarlıg’ın asırıwda awıl xojalıg’ı eginlerin suwg’arıwdın’ aldıng’ı, zamanago’y usılların usınıwdın’ a’hmiyeti u’lken. Sebebi, respublikamızdag’ı suw jetispewshiligi sharayatında suwg’arıwdın’ zamanago’y usılların qollanıw arqalı g’ana xalıqtın’ awıl xojalıg’ı o’nimlerine o’sip baratırg’an talabın qanaatlandırıw mumkin. Keyingi jıllarda ma’mleketimizdin’ bir qatar aymaqlarında eginlerdi suwg’arıwdın’ jan’a texnologiyaları sınawdan o’tpekte ha’m qollanıwg’a usınıs etilmekte. Bir g’ana 2011-jıldın’ o’zinde 1571 gektar jerge tamshılatıp suwg’arıw texnologiyası, 543 gektar atızg’a polietilen plënka to’sep suwg’arıw sisteması, 753 gektarg’a ko’shpeli ha’m iyiliwshen’ trubalar arqalı suwg’arıw sisteması engizilgeni dıqqatqa ılayıq.

Suwg’arılatug’ın jerlerdin’ meliorativ jag’dayın jaqsılaw boyınsha alıp barılg’an jumıslar na’tiyjesinde:

- suwg’arılatug’ın jerlerde jer astı suwları qa’ddi ha’m shorlanıw da’rejesi pa’seyip, egin maydanlarının’ meliorativ jag’dayı jaqsılanbaqta;
- xojalıqlardı suw menen ta’miyinlew sisteması jaqsılanıp barmaqta;
- awıl xojalıg’ı eginlerinin’ o’nimdarlıg’ı artıp, xojalıqlardın’ da’ramatları o’spekte.

Sonın’ na’tiyjede jerlerdin’ o’nimdarlıg’ı, paxta, g’a’lle ha’m basqa awıl xojalıg’ı eginleri o’nimdarlıg’ı sezilerli da’rejede aspaqta.

Xalıqtı, a’sirese awıl xalqın jumıs penen ta’miyinlewdin’ ja’ne bir a’hmiyetli bag’darı jeke ja’rdemshi ha’m diyqan xojalıqlarında qara mal bag’ıw menen shug’ıllanıwshı adamlar sanın ko’beytiwden ibarat. Atap o’tiw kerek, bul ma’selede belgili unamlı na’tiyjeler qolg’a kiritildi.

Elimizde qara mallardı halıqqa ha'm fermer xojalıqlarına kim zıyat sawdaları arqalı satıw, olarg'a maqsetli ha'm jen'illikli kreditler beriw, veterenariya xızmetin ko'rsetiw sapasın ha'm ko'lemin arttırıw, azıqlıq penen ta'miyinlew boyınsha na'tiyjeli mexanizmler jaratılg'an. Sharwashılıqtı rawajlandırıw bag'darlamasının' orınlanıw shen'berinde 2008-jılı kim zıyat sawdalarında 20 mın' 300 bas qara mal satıldı. 2009-jılda ja'ne 24 mın' 600 bas qara mal satıw na'zerde tutılmaqta. Eger 2007-jılda qara mal satıp alıw ushın 42,5 milliard swmlıq jen'illikli kreditler ajıratılg'an bolsa, 2008-jılda bul ko'rsetkish 48-milliard 200 million swmdı quradı.

Bizge ma'lim, elimizde kem ta'miyinlengen shan'araqlarg'a biypul sawın sıyır ajıratıw jolı menen qollap-quwatlawg'a ayrıqsha itibar qaratılmaqta. 2006-jıldan 2008-jılg'a shekem a'ne usınday shan'araqlar ushın 103 mın'nan zıyat qara mal berildi.

Na'tiyjede 2009-jıldın' 1-yanvarına shekem jeke ja'rdemshi ha'm diyqan xojalıqlarında qara mal bag'ıwshı sıpatında dizimge alıng'an puxaralardın' ulıwma sanı 1 million 100 mın'nan ko'biregin quradı. Solardan 54 mın' adamg'a jan'adan miynet da'ptershesi berildi, 111 mın' puxaranın' bolsa bar bolg'an miynet da'ptershesine is stajı belgilengen ta'rtipte dizimge alındı.

O'zbekstan Respublikasındag'ı fermer xojalıqlarının' tiykarg'ı ko'rsetkishleri

tablitsa-3

| № | Ko'rsetkishler | 2006 | 2008 | 2009 | 2010 | 2011 | 2011/2006 -j sal % |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Fermer xojalıqlar sanı | 121917 | 215776 | 105200 | 80628 | 66134 | -5,4 ese |
| 2 | Jer maydanı mın' ga | 4881,9 | 5577,8 | 5591,1 | 5652,5 | 52,9 | 108,3 |
| 3 | Ha'r-bir fermer xojalıqına turı keletin jer maydanı | 26,3 | 25,6 | 27,4 | 60,7 | 80,1 | 3,0ese |
| 4 | Fermer xojalıqlarda islewshler sanı | 14,0 | 1,6 | 1,63 | 1,7 | 1,8 | 128,5 |
| 5 | Awıl xojalıq o'nim lerindegi ulesi %-te | 25,4 | 19,4 | 18,6 | 17,5 | | |

Bul tablitsadan usı na’rseni ko’riwge boladı, 2011-jılda fermer xojalıqlarının’ sanı 2006-jılga salıstırg’anda 5,4 esege kemeygen, bunın’ tiykarg’ı sebebi keyingi jıllarda fermer xojalıqlarının’ jer maydanların optimallastırılmaqta, usının’ esabınan biz analiz islegen jıllarda olardın’ jer maydanı 108,3 protsentke artqan. Na’tiyjede ha’r bir fermerlerge turı keletin jer maydanlarının’ ko’lemi 3 esege ko’beygen.

Bugingi ku’nde Qaraqalpaqstan Respublikasında 3421 xojalıqları jumıs islep atır ha’m olardın’ jer maydanları 544,4 mın’ gektardan ibarat. Ma’selen, paxta, g’a’lleshilik bag’darındag’ı fermer xojalıqlarının’ jer maydanları ortasha 70 gektardan 142 gektarga shekem, ovosh-palız o’nimlerin jetistiriwshi fermer xojalıqlarının’ jer maydanları ortasha 9 gektardan 23 gektarga deyin, sharwashılıqqa qa’nigelesken fermer xojalıqlarının’ jer maydanları 92 gektardan 135 gektarg’a deyin ko’beytildi. Usı fermer xojalıqlarının’ awıl xojalıg’ı o’nimlerin jetistiriwdegi u’lesi 99,5 protsentke jetti.

Qaraqalpaqstan Respublikasındag’ı fermer xojalıqlarının’ o’ndiris jag’dayları

Tablitsa №4

| Ko’rsetkishler | 2011-j | 2012-j | 2013-j | o’zgerisler 2011-2013% |
|---|---|---|---|---|
| QR boyınsha fermer xojalıqlar sanı | 3423 | 3552 | 3421 | 99,9 |
| Uluma jer maydanı mın’ ga | 564,5 | 555,6 | 544,4 | 96,4 |
| Fermer xojalıqların’ egin maydanı mın’.ga. | 229,3 | 215,9 | 193,1 | 84,2 |
| Fermer xojalıqlarında jetistirilgen o’nim | 167581,0 | 284497,1 | 268115,4 | 160,0 |
| Paxta mın’.tn | 188.0 | 214,5 | 208,2 | 110,7 |
| Da’n mın’.tn | 117.2 | 209,4 | 150,5 | 128,4 |
| Salı mın’.tn | | 89,3 | 25,7 | |
| Ovosh mın’.tn | 28.2 | 64,6 | 79,5 | |
| Palız mın’.tn | 41,3 | 43,6 | 48,6 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Kartoshka mın’.tn | 10,4 | 9,8 | 10,4 | 95,8 |
| Go’sh mın’.tn. | 1.3 | 1,5 | 1,8 | 138,4 |
| Su’t mın’ tn | 9.4 | 9,9 | 12,5 | 132,9 |

Qaraqalpaqstan Respublikasındag’ı fermer xojalıqları boyınsha o’nimnin’ ko’lemi 2011-jılda 167581,0 mln.sum bolsa 2013-jılda bul ko’rsetkish 268115,4 mln.sum bolıp, bul ko’rsetkish 2011-jılg’a salıstırg’anda 160 protsentke artqan. Fermer xojalıqları esabınan jetistirilgen o’nim ko’lemi biz analiz islegen jıllar aralıg’ında barlıq o’nim turleri boyınsha joqarı ko’rsetkishlerge iye bolg’an.

Jetistiriletin o’nim turleri boyınsha qa’niygelesken fermer xojalıqlar sanı

Tablitsa №5

| Ko’rsetkishler | 2011 | 2012 | 2013 | 2013/2011j sal/da % |
|---|---|---|---|---|
| Fermer xojalıklar sanı | 3423 | 3552 | 3421 | 99,9 |
| Paxta ha’m g’a’lleshilik | 2627 | 2706 | 2822 | 107,4 |
| Ovosh ha’m palız | 178 | 195 | 168 | 94,3 |
| Baqshılıq ha’m ju’zimshilik | 134 | 144 | 140 | 104,0 |
| Sharwashılıq | 392 | 391 | 439 | 111,9 |
| Balıqshılıq | | 18 | 43 | |
| Pal xa’rreshilik | | 27 | 33 | |
| Basqada | 69 | 116 | 60 | 86,9 |

Tablitsadan usı na’rseni ko’riwge boladı keiyngi jıllarda xalqımızdın’ azıq-awkat o’nimlerine bolg’an talapların qanaatlandırıw ushın ha’mde xalıqtın’ ba’tlik da’rejesin arttırıw ushın respublikamızda pal ha’rreshilik ha’m balıqshılıq tarawları sho’lkemlestirilmekte. 2013-jılda 43 balıqshılıqka qa’niygelesken fermer xojalıqları xa’reket islemekte.

## I I–BAP: FERMER XOJALIQLARIN RAWAJLANDIRIWDI NA’TİYJELERİ

## 2.1. O'zbekstan Respublikası aymaqlarında diyqan ha'm fermer xojalıqların rawajlandırıwdın' na'tiyjeleri

Awıl xojalıq tarawında bazar qatnasıqların engiziw ha'm jeke mu'likshilik formasının' rawajlandırıwg'a bag'darlang'an ekonomikalıq reformalar boyınsha belgigilengen ilajlar a'melge asırılmaqta. Fermerlikti rawajlandırıwg'a fermer xojalıqlarının' ekonomikalıq ha'm finans g'a'rezsizligi ushın bekkem huqıqıy tiykarlar ha'm kepillikler jaratıp berildi.

Ma'mleketimizde fermerlik xareketi awıl xojalıq o'nimlerinin' tiykarg'ı o'ndiriwshisi ha'm agrar tarawdı ja'ne de rawajlandırıwda, xalıqtın' turmıs da'rejesin jaqsılawda juwapkershilikti o'z wazıypası etip alıwg'a ılayq bolg'an ku'shli sotsiallıq-siyasiy ku'shke aylanıp barmaqta. Fermerlerdin' o'zin-o'zi basqarıwın ku'sheytiw ha'm usı tiykarda awıl xojalıg'ının' na'tiyjeligin sapa jag'ınan joqarı da'rejege alıp shıg'ıw maqsetinde 2012-jıl 22-oktyabrdegi O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' «O'zbekstanda fermerlik jumısın sho'lkemlestiriwdi tag'ı da jetilistiriw ha'm rawajlandırıw ilajları haqqında»g'ı 4478-sanlı Pa'rmanı qabıllandı.

Prezidentimiz ta'repinen fermerlerdi mu'na'sip qollap-quwatlaw, olarg'a qolaylıqlıqlar jaratıp beriwge muddamı itibar qaratıp kelmekte. Atap aytqanda, O'zbekstan Respublikasının' «Xojalıq ju'ritiwshi subekleri xızmetin ma'mleket ta'repinen qadag'alaw haqqında»-g'ı Nızamına muwapıq, fermer xojalıqlarının' finans-xojalıq xızmetin rejeli tekseriwler uzag'ı menen 4 jılda bir ma'rte o'tkeriliwi, bunnan tısqarı, fermer xojalıqlarına salıq ha'm basqada jen'illikler berildi. Nızam xu'jjetlerine o'zgerisler ha'm qosımshalar kirgizildi. Olardan:

- paxta shiyki zatın jıyıp-terip alıw boyınsha ma'wsimli awıl xojalıg'ı jumıslarına qatnasqan jumısıshlar da'ramat salıg'ınan azat etiliwi;
- tamshılatıp suwg'arıw usılın engizgen yuridikalıq shaxslardın' tiyisli jer uchastkalarınan 5 jıl mu'ddetke shekem bir ma'rtelik jer salıg'ın to'lewden azat etiliwi;

Awıl xojalıq o'nimlerin jetistiriwde 25,8 mln.gektar jerler awıl xojalıq tarawlarına tuwra keledi. Bul ko'rsetkishler awıl xojalıg'ında paydalanılg'an jerlerdin' 74,6 protsentin belgileydi.

Ekonomikalıq reformalarda belgilengen wazıpalarg'a tiykarlanıp awıl xojalıq tarawlarında o'ndirilgen o'nimlerdin' 99 protsenti ma'mleketlik emes sektorlar esabınan jetistiriledi.

Hazirgi waqıtta fermer xojalıqları awıl xojalıq o'nimlerin islep shıg'arıwdı sho'lkemlestriwdin' en' na'tiyjeli forması ekenin turmıstın' o'zi tastıyıqlap bermekte. Elimizde fermer xojalıqların materiallıq-texnikalıq ta'miyinlew ha'm qarjılandırıw boyınsha bazar ekonomikası printsiplerine tolıq juwap beretug'ın isenimli sistema ha'm mexanizmler qa'liplestirildi ha'm tabıslı xızmet ko'rsetpekte.

Ha'r jılı fermer xojalıqların qollap-quwatlaw ushın u'lken mug'darda materiallıq resurs ha'm qarjılar ajıratılmaqta. Tek o'tken 2008-jıldın' o'zinde awıl xojalıq o'nimlerinin' en' za'ru'r tu'rlerin jetistiriw ushın 1 trillion swm, sonnan paxta tayarlawg'a 800 milliard swm, g'a'lle jetistiriwge 200 milliard swm qarjı avans retinde berildi. 2009-jılda bul maqsetler ushın 1 trillion 200 milliard swm qaratıldı.

Awıl xojalıq texnikasın lizing tiykarında satıp alıw boyınsha arnawlı sho'lkemlestirilgen Fond esabınan bul maqsetler ushın 2008-jılı 43 milliard swmnan zıyat qarjı ajıratılg'an bolsa, 2009-jılda 58 milliard swmnan artıq qarjı ajıratıldı.

Ma'mleketimiz ta'repinen ko'rsetilip atırg'an mine usınday itibar ha'm a'meliy ja'rdem sebepli 2008-jılda fermer xojalıqlarının' paxta jetistiriwdegi u'lesi 99,1 protsentti, g'a'lle jetistirwshi tayarlawda bolsa 79,2 protsentti quradı.

Sonın' menen birge, o'tken da'wir dawamında islenip arttırg'an ta'jriybemiz fermerlikti ja'ne de rawajlandırıw ushın bir qatar ju'da' za'ru'r mashqalalardı, tiykarınan fermer xojalıqlarının' turaqlılıg'ı, en' a'hmiyetlisi, olardın' na'tiyjeliligin arttırıw menen baylanıslı ma'selelerdi sheshiwdi qattı talap etpekte.

Xızmet ko’rsetip atırg’an ko’pshilik fermer xojalıqlarının’ is ta’jiriybesi sonnan derek beredi, fermer xojalıqların qa’liplestiriwdin’ da’slepki basqıshında olarg’a ajıratıp berilgen jer maydanlarının’ kemligi o’nim islep shıg’arıw rentabelliginin’ o’siwine ha’r ta’repleme tosqınlıq etti.

İmkaniyatı, ku’sh-quwatı kem bog’lan fermer xojalıqları o’zin za’ru’r texnika, aylanıs qarjıları menen ta’miyinlew, kredit mu’mkinshiligine iye bolıw, en’ tiykarg’ısı, o’z qa’rejetlerin qaplaw ha’m payda ko’rip islew, da’ramattı asırıwdın’ isenimli tiykarına aylana almaytug’ın bu’gin turmıstın’ o’zi ko’rsetpekte.

Sonnan kelip shıqqan halda, jer maydanların tolıq inventarizatsiyadan o’tkeriw ha’m fermer xojalıqları xızmetin sın ko’z-qarastan bahalaw tiykarında olardın’ jer maydanların optimallastırıw boyınsha ken’ ko’lemli, sonın’ menen birge, puqta oylanılg’an isler a’melge asırıldı. Bunda fermer xojalıqlarının’ qaysı tarawg’a qa’nigeleskenligi ha’m ma’mleketimizdin’ tu’rli aymaqlarındag’ı xalıqtın’ tıg’ızlıg’ı ayrıqsha itibarg’a alındı.

A’ne sol isler na’tiyjesinde fermer xojalıqları ushın ajıratılg’an jer maydanları bu’gingi ku’nde paxtashılıq ha’m g’a’lleshilikte ortasha 37 gektardan 93,7 gektarg’a deyin ko’beydi, yaki 2,5 eseden zıyat astı. Bul ko’rsetkish palız o’nimlerinde-10 gektardan 24,7 gektarg’a shekem, yaki 2,5 ese, sharwashılıqta bolsa 154 gektardan 164,5 gektarg’a shekem ko’beydi.

Xojalıq ju’ritiwshi subektlerdin’ salıq ju’gin ja’ne de kemeytiw, mikrofirma ha’m kishi ka’rxanalar ushın birden-bir salıq to’leminin’ 10 protsentten 8 protsentke, al 2009-jıldan baslap 7 protsentke, 2012-jılda 6 protsentke tu’siriliwi, fizikalıq ta’replerden alınatug’ın da’ramat salıg’ı stavkalarının’ kemeyttiriliwi ha’m sol waqıtta onı esaplaw ta’rtiplerinin’ jetilistiriliwi isbilermenlik izbe-iz rawajlandırıw ushın ku’shli xoshametlewshi faktorlar jarattı.

Fermer xojalıqlarının’ ortasha jer maydanı respublikamız aymaqlarında ha’r turli mo’lsherde belgilengen.

Respublikamızda 1991jıl fermer xojalıqların rawajlandırıw 200 mın’ gektar jer ajratılg’an bolsa, bul ko’rsetkish 1994 jılda 100 mın’ gektarg’a arttı.

2005-jılda fermer xojalıqlarının' jer maydanı 2935,4 mın' gektar bolıp, ha'r bir xojalıqqa 28,2 gektardan turı kelgen. Fermer xojalıqlarında 765,3 mın' adam udayı islewshilerden ibarat bolg'an, 95,2 mın' adam jallanba isshilerden ibarat bolg'an.

2004 jıl fermer xojalıqları 1828.3 mın' tonna paxta, 2384.9 mın' tonna biyday, 43.1 mın' tonna kartoshka 81m 384.4 mın' tonna palız, 174.1 mın' tonna ovosh 88,8 mın' tonna su't, 77,4 mln dana ma'yek jetistirgen. Usı jıllar aralıg'ında fermer xojalıqlarının' o'nim jetistiriwdegi u'lesi paxta -51,7 protsent, biyday 47,0 protsent, go'sh-22 protsent ha'm basqada o'nimler jetistirilgen.

2009-jılda 105200 fermer xojalıqlar is alıp barmaqta, olardın' jer maydanı 5591,1, mın' gektar olarda islewshilerdin' sanı 1,6 mın' adam ha'm ha'r bir fermer xojalıqlarına tuwra keletin jer maydanı ko'lemi 27,4 mın' gektardan ibarat. 2012-jıldın 1 yanvarına kelip olardın sanı 66134 xojalıklardan ibarat bolıp, bekitilgen jer maydanlarının' ko'lemi 52,9 mın' gektardan ibarat boldı.

A'melge asırılg'an tiykargı ilajlardin biri fermer xojalıqlarının' jer maydanların optimallastırıw barısı na'tiyjesinde, 2011-jıl juwmag'ı boyınsha, respublikamızdag'ı fermer xojalıqlarının' sanı 66134 bolıp bul ko'rsetkishler 2008-jılda 215776 bolıp yagnıy 69,4 payızg'a kemeyttirildi.

2013-jılda respublikamızdag'ı fermer xojalıqlarının' sanı 23 mın'nan asadı. Ha'r bir fermer xojalıg'ına tuwrı keletug'ın ortasha jer maydanı ko'lemi 27,4 gektardan 80,1 gektarg'a shekem ko'beytiwge erisildi. Ortasha bir fermer xojalıg'ına tuwrı keletug'ın jer maydanın tarmaqlar boyınsha alıp qaraytug'ın bolsaq, bul ko'rsetkish paxtashılıq ha'm g'a'lleshilikte 106,3 gektarg'a, palızshılıqta 23,5 gektarg'a, bag'manshılıq ha'm ju'zimshilikte 13,1 gektarg'a, sharwashılıqta 205 gektarg'a ten' bolmaqta.

O’zbekstan Respublikasın’ aymaqlarındag’ı fermer xojalıqlarının’ awıl xojalıq o’nimlerin jetistiriwdegi u’lesi (protsent esabında)

tablitsa -6

| | 2004-j | 2006-j | 2009-j | o’sim % 2009/2004. |
|---|---|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 31,3 | 36,8 | 42,3 | 135,7 |
| Andijan | 6,5 | 9,6 | 11,6 | 178,4 |
| Buxara | 20,9 | 24,8 | 17,1 | 81,8 |
| Jizzax | 45,2 | 43,6 | 46,2 | 102,2 |
| Qashqadarya | 34,7 | 35,1 | 36,7 | 105,7 |
| Nauayı | 19,7 | 23,2 | 28,1 | 142,6 |
| Namangan | 13,3 | 20,8 | 24,6 | 184,9 |
| Samarqand | 16,2 | 18,0 | 22,4 | 138,2 |
| Surxandarya | 17,0 | 20,0 | 24,1 | 141,4 |
| Sirdarya | 41,1 | 48,2 | 51,2 | 124,5 |
| Tashkent | 14,4 | 16,0 | 19,3 | 134,0 |
| Ferg’ana | 16,0 | 26,2 | 29,8 | 186,2 |
| Xorezm | 16,2 | 26,1 | 31,6 | 195,0 |
| Respublika boyınsha | 20,4 | 24,5 | 28,9 | 141,6 |

Aymaqlar boyınsha o’nim islep shıg’arıw ko’leminin’ keleshekte o’sip barıw dinamikası xojalıqlarg’a bekitilgen jer maydallarının’ mug’darının’ o’sip barıw jag’dayı boyınsha analiz islesek, Xorezm ha’m Ferg’ana aymaqlarında joqarı ko’rsetkishlerge iye bolmaqta. Jaratılg’an imkaniyatlardan o’nimli paydalang’an aymaqlarda jalpı o’nimnin’ joqarı pa’t penen o’siwi ta’miyinlenedi. Atap aytqanda, aymaklıq xojalıqlarda jetistiriletug’ın o’nim ko’leminin’ o’nimdarlıg’ın asırıw esabınan keleshekte ko’zgengen na’tiyjelerge erisiw ta’miyinlenedi.

O’zbekstan Respublikasında ekonomika tarmaqlarında, kishi ka’rxanalar ha’m fermer xojalıqlarında jumıs penen ba’nt bolg’anlar sanı dinamikası

(mın’ adam esabında) tablitsa 7

| Aymaqlar | Diyqan xojalıqlarında jumıs penen ba’nt bolg’anlar sanı | | | Kishi ka’rxana ha’m fermer xojalıqlarında jumıs penen ba’nt bolg’anlar sanı | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 2007-j | 2011j | 2011jıldı 2007jılg’a salıs-da % | 2007-j | 2011-j | 2011jıldı 2007jılg’a salıs-da % |
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 103,9 | 96,7 | 93,0 | 104,1 | 109,7 | 105,3 |
| *wa’layatlar:* | | | | | | |
| A’ndijan | 170,1 | 177,8 | 104,5 | 197,3 | 209,7 | 106,2 |
| Buxara | 129,4 | 151,4 | 117,0 | 140,8 | 144,0 | 102,2 |
| Jizzax | 63,4 | 98,1 | 154,7 | 84,7 | 100,8 | 119,0 |
| Qashqada’rya | 128,6 | 150,2 | 116,7 | 149,3 | 172,6 | 115,6 |
| Nawayı | 49,4 | 60,8 | 123,0 | 56,6 | 59,4 | 104,9 |
| Namangan | 95,4 | 114,6 | 120,1 | 148,9 | 142,6 | 95,7 |
| Samarqand | 148,3 | 188,8 | 127,3 | 218,9 | 250,7 | 114,5 |
| Sırda’rya | 26,8 | 60,2 | 224,6 | 72,6 | 93,9 | 129,3 |
| Surxanda’rya | 129,8 | 153,6 | 118,3 | 175,4 | 193,6 | 110,3 |
| Tashkent | 177,4 | 190,6 | 107,4 | 191,1 | 206,4 | 108,0 |
| Ferg’ana | 168,2 | 192,7 | 114,5 | 222,0 | 286,8 | 129, |
| Xorezm | 81,5 | 106,0 | 130,0 | 161,2 | 146,7 | 91,0 |
| Tashkent q. | 0 | 6,2 | - | 171,1 | 221,5 | 129,4 |
| Respublika boyınsha | 1472,5 | 1745,0 | 118,5 | 2094,3 | 2338,4 | 111,6 |

** Keste O’zbekstan Respublikası Miynet ha’m xalıqtı sotsiallıq qorg’aw ministrligi mag’lıwmatları tiykarında du’zilgen.*

Ulıwma alg'anda, respublika ha'm onın' jeke maydanları boyınsha ekonomika tarmaqlarında jumıs penen ba'nt bolg'an xalıq sanı artıp barmaqta.

O'zbekstan Respublikasi ekonomika tarmaqlarında jumıs penen ba'nt bolg'an xalıq sanı 2551,7 mın' adamnan 2779,8 mın' adamg'a yaki 8,9 payızg'a o'skenin ko'rsetedi. Bunday tendentsiya respublikanın' barlıq territoriyasında ko'rinedi.

Xalıq ba'ntligi quramında ha'm za'ru'r unamlı o'zgerislerdi ta'miynlenedi. Eger g'a'rezsizliktin' da'slepki jıllarında jumıs penen ba'nt bolg'anlardın' 60 payızı ma'mleket sektorına tuwrı kelgen bolsa, bu'gingi ku'nge kelip 2011-j bul sektorda ulıuma jumıs penen ba'nt bolg'an xalıqtın' 20 payızdan ko'bi miynet qılmaqta. Bantliktin' tarawlar boyınsha quramında ha'm unamlı tendentsiyalar gu'zetildi.

## 2.2 DİYQAN XAM FERMER XOJALIQLARININ' EKONOMİKALIQ NA'TİYJE KO'RSETKİShLERİNİN' ANALİZİ

Ekonomikamızda a'melge asırılıp atırg'an teren' strukturalıq o'zgerisler, awıllarımız turmısında joqarı na'tiyjelerge erisiwde, ba'rinen burın awıl xojalıg'ı o'ndirisin sho'lkemlestiriwdin' tiykarg'ı tu'ri sıpatında fermerlikti jolg'a qoyg'anımız ha'm onın' rawajlanıwı ushın ken' imkaniyatlar jaratıp bermekte.

Bugingi fermer xojalıqlarının' na'tiyjeli jumıs alıp barıwı o'zinin' ıktıyarında ijara tiykarındag'ı jeterli egislik jerlerge iye bolg'an joqarı na'tiyjeli zamanago'y, aldıng'ı texnika menen ta'miynlengen, aldıng'ı texnologiyalardan puqta yielegen iri xojalıqlar bolıp tabıladı.

Ko'p tarmaqlı fermer xojalıqları awıl xojalıq o'nimlerin jetistiriw menen birge, olardı qayta islew jumısların a'melge asırıwda ha'm awıl xalqına xızmet ko'rsetiwde na'tiyjeli jumıs alıp barmaqta.

Ma'mleketimizde fermerlik ha'reketi awıl xojalıq o'nimlerinin' tiykarg'ı o'ndiriwshisi ha'm agrar tarawdı ja'ne de rawajlandırıw, xalıqtın' turmıs da'rejesin jaqsılaw juwapkershiligin o'z wazıypası etip alıwg'a ılayıq bolg'an ku'shli sotsiallıq-siyasiy kushke aylanıp barmaqta.

Bu’gingi ku’nde Qaraqalpaqstan Respublikasında 3421 fermer xojalıqları jumıs islep atır ha’m olardın’ jer maydanları aytarlıqtay ken’eytirildi. Ma’selen paxta, g’alleshilik bag’darındag’ı fermer xojalıqlarının’ jer maydanları ortasha 70 gektardan 142 gektarg’a shekem, ovosh-palız bag’darındag’ı fermer xojalıqlarının’ jer maydanları ortasha 9 gektardan 23 gektarg’a deyin, bag’shılıq bag’dardag’ı fermer xojalıqlarının’ jer maydanları ortasha 5 gektardan 8,3 gektarg’a deyin, sharwashılıq tarawlarındag’ı fermer xojalıqlarının’ jer maydanları 92 gektardan 135 gektarg’a deyin ko’beytirildi. Usı fermer xojalıqlarının’ awıl xojalıq o’nimlerin jetistiriwdegi u’lesi 99,5 protsentke jetti.

O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin’ 2013-jıl 5-avgustag’ı 218-sanlı qararına tiykar ma’mleketlik za’ru’rlikler ushın paxta shiyki zatın jetistirip beriw boyınsha sha’rtnama minnetlemelerin orınlag’an fermer xojalıqlarına kontraktatsiya sha’rtnamasınan ziyat tapsırılg’an paxta shiyki zatın qayta islewden alıng’an paxta shrotı (gunjara) ha’m paxta shigitinin’ qabıg’ı (sheluxasın) satıw ta’rtibi haqqındag’ı Nızamı shıg’arıldı. Sonday-aq paxta ha’m g’a’lle jetistiretug’ın fermer xojalıqlarına jen’illikler esabınan 3 protsent stavkasında kreditler ha’m basqa da jenillikler berildi.

Bugingi ku’nde fermer xojalıqlarına sha’rtnama tiykarında xızmet ko’rsetiwshi 129 janılg’ı ha’m maylaw, 103 mineral to’gin, 129 zooveterinariya shaqapshaları, 103 minibank, 132 MMTP ha’m basqa da shaqapshalar xızmet ko’rsetpekte.

Bunan tısqarı, ko’p tarmaqlı xızmet ko’rsetetug’ın 174 fermer xojalıqlarının’ dizimi belgilenip, servis xızmetin rawajlandırıw maqsetinde 267 joybar tan’lap alındı.

Bazar ekonomikası jag’dayında ha’r bir xojalıq ka’rxanalarının’ na’tiyjeligi belgilengen resurslardan tolıq paydalanıw esabınan o’ndiristin’ na’tiyjeligin arttırıwg’a xa’reket etpekte. Xojalıq tarawlarındag’ı o’ndiristin’ na’tiyjeligi en’ tiykarg’ı ekonomikalıq kategoriya. Bunda o’ndirislik xojalıqlardın’ ekonomikalıq rawajlanıw nızamlardag’ı belgilewshi ekonomikalıq na’tiyje ko’rsetkishleri belgilenendi.

Awıl xojalıq tarawlarının' na'tiyjeligi, o'nim o'ndiriwdegi sarıplang'an qa'rejetlerden na'tiyjeli paydalanıwdan ibarat, yag'nıy mineral to'ginlerden, eginlerdin' o'nimdarlıg'ı, sharawshılıq tarawlarında ot-jemlerden paydalanıwdag'ı, sharwashılıq o'nimlerinin' sutkalıq o'sim da'rejeleri ha'm basqada ko'rsetkishler esabına belgilenedi.

Awıl xojalıq tarawlarının' ekonomikalıq na'tiyjeligi, o'ndirislik ha'm miynet resurslarınan na'tiyjeli paydalanıwdan ibarat.

Bazar ekonomikası jag'dayında ha'r qanday o'ndiristin' na'tiyjesi yaki fermer xojalıqlarının' na'tiyjesi, o'z maqsetleri ushın belgilengen resurslardan na'tiyjeli paydalanıwda alıng'an da'ramatlarda belgilenendi.

Fermer xojalıqlarının' ekonomikalıq na'tiyjeligin belgilewshi ko'rsetkishlerdi anıqlawda, o'ndiristin' na'tiyjeligi qanday faktorlar esabına o'zgergenligin anıqlaw za'ru'r bolıp esaplanadı. Awıl xojalıq tarawlarının' ekonomikalıq na'tiyjeligi, o'ndiriske ta'sir etiwshi ha'r qanday faktorlar (tabiiy, ekonomikalıq) esabına anıqlanadı.

Fermer xojalıqlarının' ekonomikalıq na'tiyjeligin anıqlawda awıl xojalıq tarawlarının' o'zine tiysli qa'siyetlerin esapqa alıw za'ru'r.
Usı ko'rsetkishlerdin' ba'rin esapqa alg'an tu'rde fermer xojalıqlarının' o'ndiris jag'daylarının' ekonomikalıq na'tiyjeligi bahalawda, barlıq ko'rsetkishlerdi eki tu'rde belgilenendi.

A) natural ko'rsetkishler,

V) qun tu'rindegi ko'rsetkishler.

Natural ko'rsetkishler boyınsha fermer xojalıqlarının' na'tiyjeligi intensiv ko'rsetkishler boyınsha anıqlanadı, yag'nıy bir gektar jerden alıng'an o'nim, ha'r bir sharwa mallarınan alıng'an o'nimler esabına belgilenedi:

1. Bunda bir gektar jerden alıng'an zura'a'tlikti anıqlaw usılları,

U=UO'/S, bunda UO'-uluma o'nim ko'lemi, S egin maydanı.

Usı ko'rsetkishler boyınsha respublikamızdag'ı ayrım xojalıqlardın' bir gektar jerden alg'an o'nimdarlın'ın analiz islesek. Mısalı: To'rtkul rayonındag'ı «To'rtkulli Sug'diëna» fermer xojalıg'ı 215 gektar jer maydanına shigit egip, 476

mın' tonna paxta shiyki zatın jetistirdi. Paxta shiyki zatı esabınan alıng'a zura'a'tlik 28,8 tsentnerden ibarat bolg'an, U=UO'/S na'tiyjede U=476/215=22.1ga. Bul fermer xojalıqlarının' egin maydanı ken' ko'lemge iye biraq, ha'zirgi ku'nnin' talabı boyınsha belgilengen zura'a'tlik talapqa juwap bermerydi. Respublikamızda paxtanın' zura'a'tligi shama menen gektarına 28 tsentner etip belgilengen.

Usınday ko'rsektkishlerdi Qaraqalpaqstan Respublikasındag'ı fermer xojalıqları boyınsha analiz islesek, 2012-jılda fermer xojalıqlarının' paxtashılıq boyınsha egin maydanı 93,8 mın' gektar bolg'an, respublikamızdag'ı fermer xojalıqlarınan 2012 jılda jetistirilgen paxtanın' ko'lemi 214,5 mın' tonna bolg'an, na'tiyjede ha'r bir gektar jerden alıng'an zura'a'tlik Z=214,5/93,8=22,87 ts/ga. 2013 jılda fermer xojalıqlarınan jetistirilgen paxtanın' zura'a'ligi gektarına 22,87 tsentnerge turı kelgen.

2013-jıldın' juwmag'ı boyınsha QR-dag'ı fermer xojalıqlarınan jetistirilgen paxtanın' ko'lemi 208,3 mın' tonna bolg'an, paxtashılıq boyınsha ajratılg'an egin maydanı 93,8 mın' gektardan ibarat bolg'an, na'tiyjede ha'r bir gektar jerden alıng'an zura'a'tlik Z=208,3/93,8=22,20 ts/ga.

Bul jerde zura'a'tliktin' to'menlewine tabiyiy yaki ekonomikalıq faktorlar ta'sir etiwi mu'mkin, hawa rayının' qolaysız bolıwı, yaki belgilengen agrotexnikalıq ilajlardan tolıq paydalanılmag'an.

Qu'n ko'rsetkishler boyınsha fermer xojalıqlarının' na'tiyjeligin belgilewshi ko'rsetkishler to'mendegilerden ibarat:

1.Ulıwma o'nim esabına belgilenetin ko'rsetkishler, bunda jetistirilgen ulıwma o'nimnin' qunı, o'nim jetistiriwdegi o'ndirislik qarejetler ha'm de fermer xojalıqlarındag'ı o'ndirislik fondlardın' qunı esapqa alınadı;

E=UO'/O'K+F

Bunda tiykarg'ı ko'rsetkishler UO'-o'ndirilgen ulıwma o'nimnin' qunı,

O'K, F-o'nim o'ndiriwdegi o'ndirislik qarejetler ha'm fondlardın' qunı.

2. Miynet o’nimdarlıg’ı-bul ko’rsetkishler o’nim jetistiriwdegi sarıplang’an miynet qa’rejetler(T) adam/ku’ni ha’mde waqıt birligi ishinde jetistirilgen o’nimnin’ ko’lemi (UO’)boyınsha anıqlanadı;

MO’=UO’/T, MO’=T/UO’.

3.O’nimnin’ o’zine tu’ser bahası-bul ko’rsetkish fermer xojalıqlarının’ o’ndiris na’tiyjeligin anıqlawdag’ı tiykarg’ı ko’rsetkishlerden biri bolıp, o’nim o’ndiriwdegi texnik texnologiyalıq qa’rejetlerden na’tiyjeli paydalanıw esabına ha’mde o’ndirilgen o’nimnin’ ko’lemine yag’nıy jıl dawamında o’nim jetistiriw ushın sarıplang’an (miynet ha’m material) qa’rejetler esabına belgilenedi. Na’tiyjede bir-birlik o’nimnin’ o’zine tu’ser bahası;

UO’/O’Q esabına anıqlanadı.

Bunda, UO’-o’ndirilgen ulıwma o’nim,

O’Q-o’nim o’ndiriwdegi sarıplang’an ulıwma o’ndirislik qa’rejetler.

4.O’nim satıw esabınan alıng’an ulıwma payda o’nim satıw esabınan alıng’an naq pul ha’m o’nim o’ndiriw ushın sarıplang’an qa’rejetler yaki o’nimnin’ o’zine tuser bahası esabına anıqlanadı.

UP=NP-O’Sh.

Bunda UP-ka’rxananın’ o’nim satıw esabınan alg’an ulıwma paydası,

NP-o’nim satıw esabınan alıng’an naq pul,

O’Sh-o’ndirislik shıg’ınlar.

Xojalıqlardın’ ekonomikalıq na’tiyjeliginin’ aqırg’ı ko’rsetkishleri xojalıqtın’ rentabellik da’rejesi esabına belgilenedi.

R=NP/O’Sh*100%,

bunda NP-o’nim satıw esabınan alıng’an naq pul,

O’Sh-o’ndirislik shıg’ınlar.

Xojalıqtın’ aqırg’ı ekonomikalıq na’tiyje ko’rsetkishleri boyısha rentabelliktin’ artıw da’rejesin, biz Amudarariya rayonındag’ı «Ergulabod» fermer xojalıqg’ı mısalında ko’remiz: «Ergulabod» fermer xojalıqg’ı 2013-jılda 48 gektar maydandag’ı paxtadan gektarına 40,4 tsentnerden paxta jetistirip 194 tonna paxta shiyki zatın jetistiredi ha’m fermerdin’ naq paydası 47 million 694 mın’ sumnan

ibarat bolıp, jıl aqırındag'ı ekonomikalıq na'tiyje yag'nıy rentabellik 34 protsentke turı kelgen.

UO'=48*40,4=194,0tn.

R=NP/O'Sh*100%, R=47694,0mln./1mlr402mln764,0*100=34%

Sonday-aq Taxtako'pirdegi «Qaxarman Taxta» fermer xojalıg'ı 90gektar jerge egilgen paxtadan 35,6 tsentnerdan ja'mi 320,5 tonna paxta shiyki zatın jetistirdi ha'm 76 million 981 mın' Sum naq payda aldı na'tiyjede xojalıqtıq jıl aqırındag'ı ekonomikalıq na'tiyjeligi 27,3 rentabellikke iye boldı.

Jumıstın' keiyngi jag'ında Qaraqalpaqstan Respublikasın' Ekonomika Ministrligindegi mısalındag'ı awıl xojalıq tarawlarının' ekonomikalıq rawajlanıwı boyınsha analiz ko'rsetkishlerdi anıqlap ko'remiz.

Ma'mleketimizdin' ekonomikasın rawajlandırıwdag'ı ekonomikalıq reformalardın' tiykarg'ı wazıypaları fermer xojalıqlarının' jer maydanların optimallastiriw ha'm ma'mleketimiz ekonomikasında jeke sektordın' u'lesin arttırıwg'a qaratılmaqta.

2010 jılda fermer xojalıqları esabınan 482359,9 mln.sumlıq o'nim jetistirilgen, 2009-jılg'a salıstırg'anda o'nim jetistiriw ko'lemi 107,0 protsentke o'sken.

Diyqanshılıq o'nimlerinin' ko'lemi 256822,8 mln.sum (2009 jılg'a salıstırg'anda 105,8 protsent), sharwashılıq o'nimlerinin' ko'lemi 225531,1 mln.sum (108,1 protsent).

Ulıwma awıl xojalıq o'nimlerinin' ko'leminde fermer xojalıqlarının' u'lesi 40,1 protsent. 2010 jılda respublika boyınsha 262,9 mın' gektar jerge awıl xojalıq eginleri egilgen, yag'nıy 2009 jılg'a salıstırg'anda 112,0 protsenti belgilegen. sonın' ishinde da'nli eginler maydanı 100,2 mın' gektar, 2009 jıl 177,6 protsent, texnik eginler maydanı 108,6 mın' gektar 94,9 protsentti, kartofel ha'm palız eginlikler maydanı 18,6 mın' gektar, 98,5 protsent iyelegen.

2010-jılda respublikamızda 243,7 mın' tonna da'nli eginlikler jetistirilgen bolıp (2009 jılg'a salıstırg'anda 103,6 protsent ), 29,2 mın' tonna kartoshka (116,3 protsent), 134,1 mın' tonna ovosh (108,2 protsent), 69,5 mın'g tonna palız

(103,2 protsent ), 24,7 mın' tonna (116,2 protsent) , 3,47 mın' tonna ju'zim eginlikleri (105,0 protsent) jetistirilgen.

2010 jılda Respublikamız boyınsha ma'mleketke 188,0 mın' tonna paxta ha'm 82,3 mın' tonna da'n eginlikleri satıldı, o'nim satıw boyınsha belgilengen sha'rtnamalar 104,4 protsentke orınlandı. Fermer xojalıqları esabınan sharwashılıq o'nimlerin jetistiriw go'sh tiriley salmaqta 58,9 mın' tonna (2009 jılg'a salıstırg'anda 108,6 protsent), su't 183,6 mın' tonna (107,2 protsent), mayek 46,0 mln.dana (113,5 protsent), ju'n 861 tonna (108,8 protsent) ha'm qara ko'l terisi 68,5 mın' dana (105,6 protsent). .

Fermer xojalıqlarındag'ı iri shaqlı qara mallardın' bas sanı 759,8 mın' bas (2009 jılg'a salıstırg'anda 106,2 protsent), usıdan sawın sıyırlar – 254,2 mın' bas (106,9 protsent ), shoshqalardın' bas sanı 3,7 mın' bas (104,4 protsent), qoy ha'm eshkilerdin' bas sanı 764,2 mın' bas (105,5 protsent), atlardın' bas sanı 18,5 mın' bas (100,9 protsent) ha'm de qusshılıq tarawlarında 1526,9 mın' bas (110,4 protsent) bolg'an.

Respublikamızdag'ı barlıq xojalıqlar esabınan ortasha bir sıyırdan sawıp alıng'an sut 772 kg, usı menen ha'm ha'r bir tawıqtan ortasha alıng'an ma'yek 66 dona bolıp, bul ko'rsetkishler 2009 jılg'a salıstırg'anda 100,9, 101,5 protsentten ibarat bolg'an.

2010-jıldın' 1-yanvarna kelip «Qaraqalpaq MTP» birlespe ka'rxanaları ta'repinen awıl xojalıq ka'rxanalarına ha'm fermer xojalıqlarına 4588,7 mln. sumlıq xızmet ko'rsetilgen, 2013 jılg'a salıstırg'anda xızmet islerinin' ko'lemi 101,8 protsentke artqan.

2012-jılda «Uzqishloqxo'jalikmashlizing» kompaniyasının' bo'limi ta'repinen lizing arqalı 314-dana awıl xojalıq texnikaları, usıdan 167 traktor, 36 kultivator, 22 seyalka, 57 plug ha'm 32 basqada texnikalıq a'sbap u'skeneler alıp kelindi.

Respublikamızg'a awıl xojalıq ha'm fermer xojalıqlarına mineral to'ginler ha'm yadroximikatlar Qaraqalpaqstan Respublikası «Qishloq xo'jalikkimyo» JAJ ti ka'rxanaları ta'repinen jetkizilip beriledi.

2011 jılda aralıqta awıl xojalıq ka’rxanalarına ha’m fermer xojalıqlarına 33,0 mın’ tonna mineral to’ginler jetkizip berildi, belgilengen reje 25,1 mın’ tonna, na’tiyjede to’ginlerden paydalanıw 131,5 protsentke arttı.

O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 2006 jıl 23 marttag’ı 308-sanlı qararlarına tiykarlanıp 2011 jılda jeke ja’rdemshi diyqan xojalıqlarına 701,9 mın’ bas qara mallar berildi.

Sharwashılıq tarawı boyınsha is alıp barıwshı fermer xojalıqları 435, bul xojalıqlardag’ı qara mallardın’ bas sanı 39,2 mın’ bas. Jeke ja’rdemshi diyqan ha’m fermer xojalıqlarına ma’mleketimiz ta’repinen 1616,9 mln.sum mikrokredit berildi.

2010 jılda jeke ja’rdemshi diyqan ha’m fermer xojalıqları esabınan kim zıyat sawdası arqalı 2802 bas qara mallar satıldı.

2012 ha’m 2013-jıldın’ juwmag’ı boyınsha respublikamızdag’ı diyqan ha’m fermer xojalıqların’ o’ndiris jag’daylarının’ ekonomikalıq ko’rsetkishlerin analiz islegenimizde 3421 fermer xojalıqları esabınan 2012-jılda 284497,1 mln.sumlıq o’nim jetistirilgen bolsa, 2013-jılda 268115,4 mln.sumlıq o’nim jetistrilgen. Usı jıllarda diyqan xojalıqları esabınan 2012-jılda 441113,2 mln.sum, 2013-jılda 5081180,4 mln.sumlıq o’nimler jetistirilgen.

Qaraqalpaqstan Respublikamızdag’ı Ekonomika Ministrligin’ esabı boyınsha 2013-jılda 3421 fermer xojalıqları sho’lkemlestirilgen, solardın’ ishinde 3147-si diyqanshılıq tarawları boyınsha qa’nigelesken, 439 sharwashılıq tarawları boyınsha ha’m de 43 balıqshılıqqa qa’nigelesken, 3- basqa tarawlar boyınsha is alıp barmaqta. Fermer xojalıqlarına bekitilgen jerler maydanı 544413,4 mın’ gektar jer ajıratılg’an, sonın’ ishinde eginlikler maydanı 301918,6 mın’ gektar, fermer xojalıqlarında islewshiler sanı 68,9 mın’ adamnan ibarat.

2013-jılda awıl xojalıq o’nimlerin jetistiriw 930,0 mlrd. sum bolıp bul ko’rseikishler 2012 jılg’a salıstırg’anda 107,1 protsentke artqan.

Jetistirilgen awıl xojalıq o’nimlerinin’ ishinde diyqanshılıq

tarawı boyınsha 468,0 mlrd. sumlıq o'nim jetistirilip bul ko'rsetkish 2012 jılg'a salıstırg'anda 98,5 protsenti, sharwashılıq o'nimlerin jetistiriw ko'lemi 462,0 mlrd. sum bolıp 116,2 protsentke o'sken.

2012-jılda awıl xojalıq tarawlarında jetistirilgen o'nimlerdin' 59,8 protsenti diyqan xojalıqları esabınan, 38,6 fkrmer xojalıqları esabınan ha'm de 1,6 protsenti awıl xojalıg'ının' jeke ha'm basqa xojalıqlarıda jetistirilgen. 2013-jılda jalpı aӯıl xojalıg'ı o'nimlerinde fermer xojalıqlarının' u'lesi 35,1 protsentti ha'm diyqan xojalıqlarının' u'lesi 63,2 protsentti quradı, basqada jeke dara xojalıqlar esabınan jetistirilgen o'nimnin' ko'lemi 1,7 protsent.

2013-jılda respublika boyınsha 223,7 mın' tonna da'nli eginler, (2012-jılg'a salıstırg'anda 103,2 protsent) sonnan 172,4 mın' tonna (sabıqlı) da'n, 190,4 mın' tonna paxta, 39,4 mın' tonna kartoshka (108,3 protsent), 201,4 tonna ovosh (121,0 protsent), 98,8 mın' tonna palız (114,4 protsent), 33,1 mın' tonna miyӯe (108,6 protsent) ha'm 4,5 mın' tonna ju'zim (107,1 protsent) jetistirildi.

Ulıwma alg'anda awıl xojalıg'ında jetistirilgen o'nimlerde diyqanshılıq tarawların' u'lesi 53 protsenti, sharwshılıq tarawların' u'lesi 49,7 protsent.

Respublikamızdag'ı diyqan ha'm fermer xojalıqlarının' o'ndiris jag'daylarındag'ı ekonomikalıq o'zgerisler

tablitsa- 9

| Ko'rsetkishler | 2012-j | 2013-j | 2013/2012 salıs-da % |
|---|---|---|---|
| QR boyınsha jetistirilgen awıl xojalıq o'nimleri mln.sum | 737667,5 | 930010,3 | 107,1 |
| Diyqanshılıq tarawında jetisirilgen | 378884,3 | 468032,2 | 98,5 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| o’nim mln.sum | | | |
| Sharwashıllıqta jetistirilgen o’nim ko’lemi mln.sum | 358783,2 | 461978,0 | 116,2 |
| QR boyınsha fermer xojalıqlar sanı | 3552 | 3421 | 96,3 |
| Fermer xojalıqlarının’ ulıwma jer maydanı mın’ ga | 555,6 | 544,4 | 98,0 |
| Fermer xojalıqlarının’ egislik jer maydanı | 215,9 | 193,1 | 89,4 |
| fermer xojalıqlarda jetistirilgen o’nim | 284497,1 | 268115,4 | 94,2 |
| QR-boyınsha diyqan xojalıqlar sanı | 225904 | 227292 | 100,6 |
| diyqan xojalıqlarnın’ ulıwma jer maydanı | 45369 | 45490 | 100,3 |
| diyqan xojalıqlarnın’ egin maydanı mın’/ga | 31,7 | 33,6 | 106,1 |
| diyqan xojalıqlarda jetistirilgen o’nim | 441113,2 | 508180,4 | 115,2 |

Bul tablitsada Qaraqalpaqstan Respublikasındag’ı diyqan fermer xojalıqlarının’ o’ndiris jag’dayları boyınsha alıng’an ko’rsetkishlerdi analiz islegenimizde fermer xojalıqlarının’ sanı 3421 bolıp 2012 jılg’a salıstırg’anda 3,7 protsentke kemeygen, olardın’ egislik jer maydanlarının’ ko’lemi 2012-jılg’a salıstırg’anda 89,4 protsent bolg’an. Biraq respublikamızdag’ı diyqan xojalıqlarının’ egislik jer maydanı 106,1 protsentke artqan. Bul degen xalıqtın’ azıq-awqat o’nimlerine bolg’an talapların qanaatlandırıw ushın jeke diyqan xojalıqlarının’ egin maydanların arttırmaqta.

Respublikamızdag’ı sharwashılıq tarawlarının’ o’ndiris jag’dayların analiz islegenimizde, 2011-jılda sharwashılıq o’nimlerinen 64,8 mın’ tonna tiri salmaqta go’sh, 201,9 mın’ tonna su’t, 58,3 mln. dana ma’yek, 923 tonna ju’n ha’m 77,5 mın’ dana qarako’l terisi jetistirildi.

2013-jılda bul ko’rsetkishler sharwashılıq o’nimlerinen jetistirwde 77,2

mın’ tonna tiri salmaqta go’sh, (2012-jılg’a salıstırg’anda 111,5 protsent) 272 mın’ tonna su’t, 2012-jılg’a salıstırg’anda 121,02 protsent, 164 mln. dana ma’yek, 2012-jılg’a salıstırg’anda 169,4 protsentke, 1080 tonna ju’n 2012-jılg’a salıstırg’anda 105,6 protsentke ha’m 85,1 mın’ dana qarako’l terisi jetistirdi. Sharwashılıq tarawlarındag’ı qara mallardın’ bas sanı 2013-jılda 861,1 mın’ bas bolıp bul ko’rsetkishler 2012-jılg’a salıstırg’anda 102,3 protsentke o’sken, sıyrlardın’ bas sanı 268,4 mın’ bastan ibarat, qoy

Sharwashılıq tarawları boyınsha diyqan ha’m fermer xojalıqlarına jetistiriletin ulıwma o’nimlerdin’ ko’lemi 98,8 protsent, sut jetistiriw 98,5 protsent, ma’yek jetistiriw 86,3 protsentten ibarat bolg’an.

Awıl xojalıq tarawında jetistirilgen go’sh, su’t ha’m ma’yektin’ tiykarg’ı bo’legi diyqan xojalıqları esabınan jetistirilgen. 2013 jılda respublikamız boyınsha jetistirilgen go’shtin’ 96,4 protsentti, suttin’ 93,9 protsentti, ma’yekitin’ 78,5 protsentti diyqan xojalıqlarınan, go’shtin’ 2,3 protsentti, suttin’ 4,6 protsentti, ma’yektin’ 7,8 protsentti fermer xojalıqlarınan, go’shtin’ 1,7 protsentti, suttin’ 9,2 protsenti ha’m ma’yektin’ 13,7 protsentti awıl xojalıg’ının’ basqa xojalıq tarawları esabınan jetistirilgen. ha’m fermer xojalıqlarına

2013-jılda fermer xojalıqlarında 35,1 mın’ bas iri shaqlı qara mallar bolıp, sonın’ 12,6 mın’ bası sıyrlar, 35,2 mın’ bası qoy eshkiler, 191,1 mın’ bas quslardan ibarat bolg’an.

Qaraqalpaqstan Respublikasının’ rayonlar boyınsha fermer xojalıqlarının’ o’ndiris jag’dayları

tablitsa-11

| Rayonlar ha’m qalalar | 2010 j fermer xojalıq lar sanı | 2013-j xojalıq lar sanı | 2013-j-da bekitilgen jer mayda nı mın’.ga | 2013-jıldla islewshile r sanı | 2013-jılda awıl xojalıq o’nimlerin jetistiriwdegi u’lesi % |
|---|---|---|---|---|---|
| KR boyınsha: | 4119 | **3421** | **544,4** | **60,5** | **35,1** |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Amudarya | 275 | 298 | 46,8 | 15,0 | 41,3 |
| Beruniy | 429 | 300 | 44,3 | 11,7 | 31,8 |
| Kanlıko'l | 231 | 165 | 37,5 | 1,0 | 35,8 |
| Karao'zek | 352 | 279 | 40,9 | 2,1 | 27,1 |
| Kegeyli | 254 | 199 | 47,4 | 5,1 | 27,8 |
| Kon'ırat | 223 | 179 | 35,5 | 1,2 | 31,1 |
| Moynaq | 32 | 30 | 6,1 | 0,1 | 5,6 |
| No'kis | 491 | 318 | 29,5 | 2,8 | 62,4 |
| Taxtako'pir | 142 | 130 | 20,2 | 1,2 | 31,3 |
| To'rtkul | 451 | 340 | 59,4 | 2,9 | 32,7 |
| Xojeli | 331 | 257 | 30,3 | 1,9 | 35,7 |
| Shımbay | 348 | 327 | 53,7 | 3,8 | 29,0 |
| Shomanay | 117 | 194 | 55,0 | 2,1 | 37,8 |
| Ellikqala | 440 | 404 | 37,9 | 9,6 | 35,5 |

Bul tablitsada respublikamızdag'ı fermer xojalıqlarnın' sani 2010 jılda 4119 bolsa, 2013-jılda olardın' sanı 3421 bolg'an, analiz islengen jıllar aralıg'ın salıstırg'anda 16,5 protsentke kemeygen O'zbekstan Respublikasının' 2009-jıl noyabrdegi pa'rmang'a tiykarlanıp fermer birlespelerdin' sho'lkemlestiriw na'tiyjesinde bunday o'zgerisler payda bolmaqta. Usının' esabınan olardın' jer maydanları 2010-jılda 585,6 gektar bolsa, 2013-jılda 544,4 mın' ga bolg'an. Bizin' respublikamızdın' qubla rayonlarında fermer xojalıqlarının' sanı basqa rayonlarg'a qarag'anda bir qansha joqarı orındı iyeleydi. Jetistiriletugın o'nimnin' ko'lemi No'kis, Amudarya, Shomanay ha'm Xojeli rayonlarında basqa rayonlarg'a qarag'anda bir qansha joqarı da'rejede.

Rayonlar boyınsha diyqan xojalıqlarının' o'ndiris jag'dayları

tablitsa-12

| Rayonlar ha'm qalalar | 2010 j fermer xojalıq lar sanı | 2013-j xojalıq lar sanı | Usının' ishinde jeke xojalık lar sanı | 2013-jıl bekitil gen jer maydanı | 2013-jılda awıl xojalıq o'nimlerin jetistiriwdegi |
|---|---|---|---|---|---|

| | | | | mın’.ga | u’lesi % |
|---|---|---|---|---|---|
| QR boyınsha: | **231643** | **227292** | **2028** | **45,5** | **63,2** |
| Amudarya | 25541 | 28216 | 642 | 6,2 | 56,3 |
| Beruniy | 21730 | 21735 | 18 | 4,3 | 67,1 |
| Kanlıko’l | 7598 | 5836 | 289 | 1,2 | 62,2 |
| Karao’zek | 7742 | 7620 | 10 | 2,2 | 71,2 |
| Kegeyli | 11594 | 11594 | 156 | 2,7 | 70,5 |
| Kon’ırat | 12926 | 20937 | 125 | 1,9 | 58,4 |
| Moynaq | 4369 | 4569 | 27 | 0,4 | 91,5 |
| No’kis | 6627 | 6627 | 19 | 1,1 | 36,8 |
| Taxtako’pir | 7604 | 4467 | 63 | 1,4 | 68,0 |
| To’rtkul | 27751 | 27862 | 334 | 5,6 | 65,9 |
| Xojeli | 16865 | 19938 | 2 | 4,9 | 63,1 |
| Shımbay | 14946 | 14946 | 139 | 4,1 | 70,8 |
| Shomanay | 6527 | 7153 | 20 | 2,9 | 61,6 |
| Ellikqala | 20174 | 18926 | 184 | 4,2 | 64,0 |
| No’kis qalası | 18647 | 26866 | 0 | 2,3 | 98,1 |
| Taxiyatash | 21002 | - | | - | - |

Diyqan ha’m fermer xojalıqlarında jetistirilgen o’nimler ko’lemi mın’ tn.

tablitsa-13

| O’nim tu’rleri | Diyqan xojalıqlarında jetistirilgen o’nim ko’lemi | | Fermer xojalıqlarında jetistirilgen o’nim ko’lemi | |
|---|---|---|---|---|
| | 2012 j | 2013 j | 2012 j | 2013 j |
| Biyday | 44,7 | 48,7 | 111,2 | 111,7 |
| Kartoshka | 26,5 | 28,9 | 9,8 | 10,4 |
| Ovosh | 100,3 | 120,1 | 64,6 | 79,5 |
| Palız | 41,3 | 48,8 | 43,6 | 48,6 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Miywe | 14,3 | 16,3 | 12,5 | 13,1 |
| Juzim | 3,5 | 3,8 | 0,4 | 0,5 |
| Go’sh, tiri salmaqta | 66,5 | 74,4 | 1,5 | 1,8 |
| Su’t | 212,5 | 255,5 | 9,9 | 12,5 |
| Ha’r bir bas sıyırdan sawıp alıngan su’t kg | 873 | 953 | 759 | 1048 |
| Ma’yek mln. Dana | 77,5 | 128,7 | 10,5 | 12,8 |
| Ha’r bir tawıqtan alıng’an ma’yek, dana | 90 | 125 | 151 | 160 |
| Ju’n, tonna | 817,0 | 892,0 | 58,0 | 65,0 |
| Pille, tonna | | | 784,9 | 714,4 |

Bul tablitsada diyqan ha’m fermer xojalıqlarında jetistirilgen awıl xojalıq o’nimlerinin’ ko’lemi ko’rsetilgen. Respublikamızda jetistiriletin azıq-awqat o’nimlerinin’ tiykrg’ı bo’legi diyqan xojalıqlarına turı keledi.

Mısalı 2013-jılda diyqan xojalıqları esabınan 120,4 mın’ tonna ovosh, fermer xojalqlarında 79,5 mın’ tonna ovosh o’nimleri, kartoshka diyqan xojalıqlarında 2013-jılda 28,9 mın’ tonna bolsa, fermer xojalıqlarında 10,4 mın’ tonna jetistirilgen, basqada o’nim tu’rleri boyınsha su’t, go’sh ha’m basqada o’nimlerdin’ tiykarg’ı bo’legi diyqan xojalıqlarında jetistirilgen.

## III-BAP: DİYQAN FERMER XOJALIQLARININ’ NA’TİYJELİGİN JETİLİSTİRİW JOLLARI

## **3.1.** FERMER XOJALIQLARI MATERİAL-TEXNİKA TA'MİYİNLEW HA'M POTENTSİYALLIG'IN ARTTIRIW

Ha'zirgi waqıtta fermer xojalıqları awıl xojalıq o'nimlerin islep shıg'arıwdı sho'lkemlestriwdin' en' na'tiyjeli forması ekenin turmıstın' o'zi tastıyıqlap bermekte. Elimizde fermer xojalıqların materiallıq-texnikalıq ta'miyinlew ha'm qarjılandırıw boyınsha bazar ekonomikası printsiplerine tolıq juwap beretug'ın isenimli sistema ha'm mexanizmler qa'liplestirildi ha'm tabıslı xızmet ko'rsetpekte.

Fermer xojalıqların rawajlandırıwdag'ı belgilengen wazıypalardın' biri ha'zirgi basqıshta fermer xojalıqların potentsiyallıg'ın arttırıwg'a qaratılmaqta. Fermer xojalıqların potentsiyallıg'ın olardı material-texnika qurallar menen ta'miyinlew ha'm olarg'a ha'r tu'rli servis xızmetin ko'rsetiwdi sho'lkemlestiriw ha'm awıl xojalıq o'nimlerin qayta islep shıg'arıwshı xojalıq ka'rxanalarının' o'ndiris quwatlılıg'ın arttırıwdan ibarat.

Fermer xojalıqların potentsiyallıg'ın arttırıwda bir qansha mashqalalarg'a dus kelinbekte: Olardan:

Birinshiden, fermerlerde diyxanshılıq ha'm sharwashılıq o'nimlerin o'ndiriw boyınsha barlıq jumıslar kompleksin o'z ku'shleri menen orınlawg'a imkaniyat beretug'ın bekkem material-texnika bazaslarg'a iye bolıwı za'ru'r ekenligi belgilep ko'rsetilgen;

Ekinshiden, bar bolg'an MTP-lar fermer xojalıqlarının' isbilermenligine qaray sho'lkemlestirilip atırg'an ha'm de servis xızmeti ko'setiw ka'rxanaları olar aldında turg'an wazıypalardı tolıq da'rejede atqara almay atırg'anlıg'ı esaplanadı.

O'zbekistan Respublikası Ministrler Kabinetinin' 1993 jıl 15 marttag'ı 137-sanlı ha'm 1994 jıl 23-fevraldag'ı qararlarında fermer xojalıqları sha'rtnama tiykarında tiyisli agroservis ka'rxanaları ha'm sho'lkemleri ta'repinen ko'rsetiletug'ın o'ndiris ha'm texnika, meliorativ, agroximiya, avtotransport ha'm basqa xızmet tu'rlerinen paydalanıw huqıqına iye ekenligi atap o'tilgen. Olarg'a sha'rtnama tiykarında o'ndiris xızmetleri, material-texnika ta'miyinleniwi, tayarlaw xızmetinde, tuqımgershilikte, hasıldar na'silik jas sharwa malları ha'm

basqalardı satıp alıwda basqa qa'rxanalar ha'm sho'lkemlerden ja'rdem alıwg'a imkaniyatlar berilgen.

2012-jıldın' 22-oktyabrdegi «O'zbekstanda fermerlik jumıstı sho'lkemlestiriwdi bunan bılay da jetilistiriw ha'm onı rawajlandırıw ilajları haqqında»g'ı Pa'rmang'a tiykarlanıp fermer xojalıqların' material-texnikalıq bazasın bekkemlew, ta'miyinlew ha'm servis xızmet ko'rsetiw sistemasın ha'r ta'repleme rawajlandırıw, usı menen bir qatarda awıl xojalıq o'nimlerin qayta islep shıg'arıwdı jetilistiriw talap etilmekte. Ha'zirgi ku'nde ko'p tarmaqlı fermer xojalıqları awılg'a sanaattı alıp kiriw arqalı jan'a jumıs orınların jaratıw, importtın' ornın basıwshı o'nimlerdi islep shıg'arıwda u'lken tabıslardı qolg'a kirgizbekte.

«Azıq-awqat sanaatı ka'rxanaları» assotsiatsiyası ha'm «O'zvinosanaat-xolding» kompaniyası ko'p tarmaqlı fermer xojalıqları jetistirgen miywe-ovosh ha'm ju'zimdi qayta islew, saqlaw,awılda sannattı rawajlandırıw, azıq-awqat o'nimleri menen ta'miyinlew ha'm eksport potentsialın arttırıwdag'a baylanıslı wazıypalar belgilendi.

Sonın' ishinde 2013-jılda «Azıq-awqat sanaatı ka'rxanaları» assotsiatsiyasının' may ha'm azıq-awqat ka'rxanalarında 70,1 million AQSh dolları mug'darındag'a 29 go'sh-sut, miywe-ovosh o'nimlerin qayta islew bag'darında 350 ge shamalas investitsiyalıq joybarlar tastiyqlandı.

Na'tiyjede jılına 28 mın' tonna su't, 7 mın' tonna go'sh, 37 mın' tonna miywe-ovosh ha'm juzimdi qayta islew ja'ne 6,5 mın' tonnadan aslam basqa da azıq-awqat o'nimlerin islep shıg'arıw quwatlılıqtı iske tu'sirilip, 1mın' 224 jan'a jumıs orınların sho'lkemlestirilmekte.

«O'zvinosanaatxolding» kompaniyası quramınan juzimdi qayta isleytug'ın 43 ka'rxana ha'm onın' shaqapshaları jumıs islemekte.

2013-jılda 1 mın' 600 den aslam agrofirma ha'm fermer xojalıqları menen sha'rtnama du'zip 123,4 mın' tonna ju'zim qayta islendi. Usı ka'rxanalar esabınan 2014-jılda fermer xojalıqları menen 132,1 mın' tonna ju'zimdi qayta islew ushın kontrakt sha'rtnamaların du'ziw rejelestirilmekte.

Ma'mleket ta'repinen fermer xojalıqlarına sotsiallıq infrastruktura sho'lkemlestiriwde ja'rdem ko'rsetiw boyınsha, sonday-aq, kadlar tayarlaw ha'm olardın' qa'niygeligin arttırıwg'a jumsalatug'ın barlıq qa'rejetlerdi o'z moynına aladı. Eger fermer xojalıqları o'ndiris ha'm sotsiallıq-xızmet bag'darındag'ı obektler bar bolmag'an aymaqlarda du'zilse, ol jag'dayda ma'mleket olardın' birlemshi imaratların ko'rip beriwdi, jollar, elektr-energiyasın jetkerip beriw liniyaların qurıwdı, suw ta'miynatı, gazlestiriw, telefon ornatıw, jer du'ziw ha'm melioratsiya jumısların a'melge asıradı. Bunnan tısqarı jergilikli basqarıw organları fermer xojalıqlarına o'ndiris obektlerin tiklewge ja'rdem ko'rsetiwleri sha'rt. Biraq bunı atap o'tiw kerek, yag'nıy fermer xojalıqları ele texnika quralları menen jeterli da'rejede ta'miyinlenbegen, ayırım rayonlarda bolsa texnika ta'miynatı normativ da'rejege qarag'anda (ha'r 1000 gektarg'a 44 dana traktor) 5-10 ma'rte kem. Xojalıqlarg'a o'ndiris xızmetin ko'rsetiwge 300-texnik, 300 veterinar, meliorativ, agroximiya, qurılıs, transport, axborat, ilimiy-ma'sla'ha't ha'm basqa xızmet ko'rsetiw tu'rleri tiyisli boladı. Bizge belgili, bazar qatnasıqlarına o'tkenge deyin awıl xojalıg'ı islep shıg'arıwshıları, sonın' ishinde, fermer xojalıqların material-texnika resursları menen ta'miyinlew jetkerip beriletug'ın fondlardı belgilew tiykarında limitlew ta'rtibinde a'melge asırılatug'ın edi. Bazar ekonomikasına o'tiw menen bunday ta'miyinlew erkin usaqlap ha'm ko'tere sawda printsiplerine tiykarlanıp jolg'a qoyıladı.

Za'ru'rlik payda bolg'anda fermer xojalıqları basqa xojalıqlar menen birge «O'zqishloqxo'jalik taminot tamir» Ma'mleketlik komiteti qasında sharwashılıq fermerlerine xızmet ko'rsetiw boyınsha «O'ztexchorvaservis» respublika xojalıq esabındag'ı birlespesi sıyaqlı jan'a xızmet tu'rinin' sho'lkemlestiriliwi a'hmiyetli ro'l oynaydı. Ol ja'ma'a't xojalıqları ha'm menshik formasındag'ı basqa bo'limlerge ha'r qıylı servis xızmetine qa'niygelesti.

Ha'r jılı fermer xojalıqların qollap-quwatlaw ushın u'lken mug'darda materiallıq resurs ha'm qarjılar ajıratılmaqta. Tek o'tken 2008-jıldın' o'zinde awıl xojalıq o'nimlerinin' en' za'ru'r tu'rlerin jetistiriw ushın 1 trillion swm, sonnan paxta tayarlawg'a 800 milliard swm, g'a'lle jetistiriwge 200 milliard swm qarjı

avans retinde berildi. 2009-jılda bul maqsetler ushın 1 trillion 200 milliard swm qaratıldı.

Awıl xojalıq texnikasın lizing tiykarında satıp alıw boyınsha arnawlı sho'lkemlestirilgen Fond esabınan bul maqsetler ushın 2008-jılı 43 milliard swmnan zıyat qarjı ajıratılg'an bolsa, 2009-jılda 58 milliard swmnan artıq qarjı ajıratılıwı rejelestirilmekte.

Ma'mleketimiz ta'repinen ko'rsetilip atırg'an mine usınday itibar ha'm a'meliy ja'rdem sebepli 2008-jılda fermer xojalıqlarının' paxta jetistiriwdegi u'lesi 99,1 protsentti, g'a'lle tayarlawda bolsa 79,2 protsentti quradı.

Sonın' menen birge, o'tken da'wir dawamında arttırg'an ta'jiriybemiz fermerlikti ja'ne de rawajlandırıw ushın bir qatar ju'da' za'ru'r mashqalalardı, tiykarınan fermer xojalıqlarının' turaqlılıg'ı, en' a'hmiyetlisi, olardın' na'tiyjeliligin arttırıw menen baylanıslı ma'selelerdi sheshiwdi qattı talap etpekte.

Xızmet ko'rsetip atırg'an ko'pshilik fermer xojalıqlarının' is ta'jiriybesi sonnan derek beredi, fermer xojalıqların qa'liplestiriwdin' da'slepki basqıshında olarg'a ajıratıp berilgen jer maydanlarının' kemligi o'nim islep shıg'arıw rentabelliginin' o'siwine ha'r ta'repleme tosqınlıq etip atır.

İmkaniyatı, ku'sh-quwatı kem bolg'an fermer xojalıqları o'zin za'ru'r texnika, aylanıs qarjıları menen ta'miyinlew, kredit mu'mkinshiligine iye bolıw, en' tiykarg'ısı, o'z qa'rejetlerin qaplaw ha'm payda ko'rip islew, da'ramattı asırıwdın' isenimli tiykarına aylana almaytug'ın bu'gin turmıstın' o'zi ko'rsetpekte.

Qaraqalpaqstan Respublikası fermer xojalıqları janılg'ı-maylaw materialların aldınnan berilgen talapnamalar ha'm ajıratılg'an limitler tiykarında «Qaraqalpaq neft o'nimleri» qa'rxanasının' bazalarınan alıw kerek. Biraq janılg'ı-maylaw materiallarının' tiykarg'ı bo'legi ja'ma'a't xojalıqları ushın ajıratılg'an fondlar esabınan, ko'rsetilgen xızmetler ushın u'steme menen ko'tere bahalarda ja'ma'a't xojalıqları ha'm shirketlerden aladı. Rejeden artıq buyırtpalar boyınsha bolsa menshiklestirilgen avtomobil janılg'ı quyıw shaqabshalarınan usaqlap bahalarda satıp aladı. Atap o'tiw kerek, ha'r tu'rli sho'lkemlerden, sonın' ishinde, fermer xojalıqlarında jumsalatug'ın benzin, dizel janılg'ısı ha'm maylaw materialları

mug'darına buyırtpalar qabıl etiw haqqında «Qaraqalpaq neft o'nimleri» ka'rxanası respublika gazetalarında dag'azalar beriw jolı menen barlıq tutınıwshılardı turaqlı tu'rde xabardar etip barıwı kerek. O'zbekistan isbilermenler birlespesinin' Qaraqalpaqstan Respublikası bo'limi, fermer xojalıqları birlespesi ha'm respublika xojalıqlarına janılg'ı-maylaw materialların satıp alıwda ja'rdem ko'rsetiw boyınsha ayırım ilajlar a'melge asırılmaqta. Olar imkaniyatları da'rejesinde talapnamalardı ulıwmalastırıw, mu'ta'jliklerdi esaplaw, neft o'nimlerine ajıratılg'an limitlerdi ten' bo'listiriw jumısları menen shug'ıllanbaqta. Biraq bul belgilengen ilajlarlardag'ı talaplar jeterli da'rejede emes. Awıl xojalıg'ında barlıq ma'wsimlik jumıslar agrotexnikalıq mu'ddetlerde orınlanıwı ushın janılg'ı maylaw o'nimleri ta'miynatında u'zilislerge shek qoyıw kerek.

Mineral to'ginler ha'm ha'r qıylı ximiyalıq qurallar menen ta'miyinlew ha'm olardı jetkerip beriw «O'zkimyosanoat», «O'zagrokimyotaminot» quramında sho'lkemlestirilgen Qaraqalpaqstan Respublikası ha'm rayonlıq bo'limleri ta'repinen a'melge asırıladı. Bul bo'limlerdin' tiykarg'ı wazıypalarınan biri sha'rtnama tiykarında barlıq awıl xojalıg'ı tovar islep shıg'arıwshıların mineral to'ginler, o'simliklerdi ximiyalıq qorg'aw quralları, o'simlikler o'siwin basqarıw ha'm xoshametlew, topıraq meliorontları ha'm basqa ximiyalıq o'nimler menen ta'miyinlewden ibarat.

Fermer xojalıqları «Qaraqalpaq da'n o'nimleri» o'ndiris aktsionerlik ja'miyeti ka'rxanalarınan ajıratılg'an fondlar ha'm maqsetli ajıratpalar esabınan yamasa ja'ma'a't xojalıqları ushın belgilengen sharayatlarda ot-jem ha'm basqa ot-jemlerdi satıp alıw mu'mkin. Sonday-aq usı ot-jemlerdi shartnama yamasa bazar bahalarında tutınıw kooperatsiyaları, sho'lkemleri, ja'ma'a't xojalıqları, sawda kooperatsiyalarınan, diyqan bazarları ha'm jeke shaxslarınan satıp alıw mu'mkin.

Ko'pshilik fermerler iri shaqlı qaramallar ushın ot-jem sıpatında paxta shigitinin' shıg'ındısı-shepuxadan paydalanadı. Olar shepuxanı jay kombinatlarınan satıp aladı. Sona atap o'tiw kerek, satıp alınıp atırg'an jerlerdin' bahaları bir qansha joqarı. Bunın' na'tiyjesinde o'ndirilip atırg'an o'nimler

fermerlerge bir qansha qımbatqa tu’spekte. Bul bolsa olardın’ fiansnlıq na’tiyjelerine keri ta’sir ko’rsetpekte. Sonın’ ushın jem ha’m basqa vitaminli qosımshalarg’a bahalardı qaytadan ko’rip shıg’ıw kerek.

Fermer xojalıqlarının’ material-texnikalıq resurslarg’a bolg’an talapların anıqlaw ha’m o’z-ara esap kitaplar, joqarıda atap o’tilgenindey, o’ndiris ko’lemi, qa’nigelesiw, qabıl etilgen agrotexnika, o’z material-texnika bazasının’ haqıyqatta ta’miyinleniwi, sonday-aq finanslıq imkaniyatlarına kelip shıqqan halda xojalıqlardın’ o’zleri ta’repinen a’melge asırıladı. Bul jumısta fermerler ta’miyinlew sho’lkemlerinin’ usınıslarına, aldın’g’ı fermer xojalıqları ta’jriybelerine ha’m qa’niygeler ma’sla’ha’tlerine tayanıwları kerek.

Jeterli da’rejede to’lew qa’biletine iye fermer xojalıqları ko’tere ha’m usaqlap sawda tarmaqları arqalı material-texnikalıq resurslardın’ kerekli tu’rlerin erkin satıp alıwları mu’mkin.

Qaraqalpaqstan Respublikasının’ agroservis ka’rxanaları ta’repinen ko’rsetilip atırg’an xızmetler tu’rleri, bahası ha’m sapa da’rejesi fermer xojalıqlarının’ mu’ta’jliklerin tolıq qanaatlandırıwg’a ılayıq emes. Sebebi, olar a’dette ha’r bir aymaqtag’ı fermer xojalıqlarının’ mu’ta’jliklerin, o’ndiris ha’m jergilikli sharayatların, fermer xojalıqlarının’ qa’niygelesiwin ha’m basqa a’hmiyetli faktorlardı esapqa almastan ha’r tu’rli texnika quralları menen ta’miynlenedi. Sonın’ ushın fermer xojalıqlarının’ mu’ta’jlikleri, pikir-o’tinishleri ha’m qa’lewi tileklerin soraw tiykarında esapqa alg’an halda fermer xojalıqlarına o’ndiris servis xızmetin ko’rsetiw ha’m olardın’ material-texnikalıq ta’miyinleniwi sistemasın qa’liplestiriw maqsetke muwapıq bolıp esaplanadı.

Usı mu’na’sa’bet penen satıp alınıp atırg’an texnika, janılg’ı-maylaw materialları, zapas bo’leklerine bolg’an talaptın’ qanaatlandırılıwında, sonday-aq, jen’illikli kreditlewdi jolg’a qoyıwda fermer xojalıqları ekonomikalıq qollap-quwatlawg’a mu’ta’j bolmaqta.

Sharwashılıqqa qa’niygelesken fermer xojalıqları ushın to’mendegi servis xızmetleri ko’rsetiliw za’ru’rliligi bar:

-mashina-traktor parki xızmeti;

-lizing tiykarında kishi mexanizatsiya quralları menen ta’miyinlew;

-ta’miyinlew ka’rxanaları xızmetinen;

-material-texnikalıq, ot-jem, janılg’ı-maylaw materialları menen ta’miyinleniwi sisteması xızmeti;

- na’silli qara mallar jetistiriwge qa’niygelesken na’silshilik xojalıqları xızmeti ha’m vetereninariya punktleri xızmeti;

- agrotexnika ha’m agroximiya xızmeti;

- qurılıs ha’m jer meliorativ jag’dayın jaqsılaw boyınsha xızmeti;

- jeke (servis) xızmet ko’rsetiw ka’rxanaları ha’m jerlerge islep beriwshi, zu’ra’a’tti jıynap alıwshı, o’nimlerdi tasıw ha’m satıw firmaları boyınsha xızmeti;

- awıl xojalıq o’nimleri tutınıwshılar, tayarlawshılar ha’m qayta islewshi ka’rxanalar menen sha’rtnamalıq qatnasıqlardı qa’liplestiriw boyınsha xızmet;

- biznes-reje, finans ha’m kredit, esap-esabatlardı islep beriwshi ha’m analiz etiwshi firmalar xızmetleri ha’m basqalar.

Agroservis ka’rxanaları ta’repinen orınlanatug’ın barlıq xızmet tu’rlerine sha’rtnama tiykarında bahalar islep shıg’ıw maqsetke muwapıq. Ka’rxanalar ortasındag’ı ekonomikalıq ha’m o’ndiris qatnasıqları sha’rtnama tiykarında jolg’a qoyılıwı unamlı na’tiyjeler beredi.

O’ndiris qatnasıqların jetilistiriw, awıl xojalıg’ı o’ndirisin jaylastırıw ha’m agrar sektor infrastrukturasın rawajlandırıw menen baylanıslı mashqalalardı sheshiw ha’zirgi basqıshta agrar pa’nler aldında turg’an en’ tiykarg’ı wazıypalardan esaplanadı. Awıl xojalıq ka’rxanaları, sharwashılıqqa qa’niygelesken fermer xojalıqlarında bar bolg’an o’ndiris potentsialınan na’tiyjeli paydalanıw u’lken a’hmiyetke iye. Sonın’ ushın agrosanaat o’ndirisinin’ qa’niygelesiwi, kontsentratsiyalasıwı ha’m kooperatsiyalasıwın ja’nede rawajlandırıw, kooperatsiya ha’m agrosanaat integratsiyasının’ ha’r tu’rli formaların jetilistiriw ma’seleleri ayrıqsha ha’m teren’ islenbelerdi talap etedi.

Fermer xojalıqlarının’ ha’r tu’rli formadag’ı kooperatsiyalarg’a birlesiwi olardın’ da’ramatlarının’ o’siwi ha’m usıg’an muwapıq tu’rde turaqlılıqtın’ a’hmiyetli sha’rti esaplanadı. Bunday kooperatsiyalar o’ndiris quralları, en’ aldı

menen fermer xojalıqlarının' ayrıqsha xızmet tarmaqların tovar islep shıg'arıwshılar ma'pleri jolında ulıwmalastırıwdı ko'zde tutadı.

Da'stu'riy diyqanshılıq tarmaqlarının' qayta tikleniwi agrar tarmaqtı reformalawdın' unamlı ta'repi esaplanadı, sebebi ol jerge iyelik etiw ha'm jerden paydalanıw tarawında diyxannın' huqıqların ken'eyttiredi. Agrar sektor quramında fermer xojalıqları menen bir qatarda juwapkershiligi sheklengen ja'miyetler, kooperativlerdin' jan'a tu'rleri, fermer xojalıqları birlespesi ju'zege keldi.

Ha'zirgi ku'nde to'mendegi bag'darlarda ha'm ilajlardı a'melge asırıw za'ru'r:

- fermer xojalıqları sanının' o'siwinen olardın' materiallıq-texnikalıq ha'm finanslıq jag'dayının' bekkemleniwine o'tiw;
- fermer xojalıqlarına texnika ha'm basqa xızmetler ko'rsetiwshi servis kooperativleri ha'm jeke ja'rdemshi xojalıqlar sho'lkemlestiriw.

Firma jetkerip berilip atırg'an texnikanın' joqarı isenimliligin, paydalanıwg'a qolaylıg'ı ha'm du'zetiwge jaramlılıg'ın ta'miyinleydi. Usı waqıtta firma qa'niygelerdi mashinaların g'alaba o'ndiris baslang'ang'a deyin yag'nıy mashinalarg'a konstruktorlıq hu'jjetlerin islep shıg'ıw menen birge mashinalarg'a xızmet ko'rsetiw boyınsha texnika xu'jjetlerin islep shıg'adı, olardı du'zetedi, mashinalardan paydalanıw da'wirinde ha'm mashinalar o'ndiris tamamlang'annan keyin dilerlerdi zapas bo'lekler menen ta'miyinlep turadı. Dilerler fermerler mu'ta'jliklerin u'yrenedi ha'm ha'r jılı keyingi jıl ushın texnikag'a bolg'an talap boljawın tayarlaydı ha'mde onı xızmet ko'rsetiwdin' aymaqlıq bo'limlerine usınadı. Bunnan tısqarı ha'r u'sh ayda haqıyqıy satıw ko'lemi tiykarında da'slepki buyırtpalarg'a o'zgerisler ha'm du'zetiwler kiritiledi.

Fermerler zapas bo'leklerge buyırtpalar berip, olardın' qunların to'leydi ha'm o'z transportlarında alıp shıg'ıp ketedi. Eger za'ru'r detal skladta bolmasa, da'rhal tovar jetkerip beriwshi firmanın' en' jaqın skladına buyırtpa beriledi ha'm ol tez arada dilerge jetkiziledi.

Zu'ra'a't jıyıp-terip alınıp atırg'an waqıtta arnawlı ju'k avtomashinası zapas bo'lekler jetkizip beriwdi a'melge asıradı.

Bunnan tısqarı, diler qımbat bahalı texnikanı fermerge jumıs ma'wsimi ushın ha'm bir jılg'a ijarag'a beredi. Ortasha ijara haqısı mashina qunının' 20 protsentin quraydı.

Fermer xojalıqları o'z o'nimlerin usaqlap satıw sawdasına qa'niygelesken magazinlerden ibarat dilerlik punktlerinin' ken' tarmaqları arqalı satadı. Bul punktler bir waqıtta jan'a texnika, mineral to'ginler, ximiyalıq zatlar satıp alg'an fermer xojalıqlarına da xızmet ko'rsetedi.

Texnika, zapas bo'leklerdi satıw, mashinalardı du'zemiz ha'm olarg'a texnikalıq xızmet ko'rsetiwden tısqarı diler punktleri quramalı bolmag'an qurılmalardan tayarlanatug'ın mashinalardı modernizatsiyalaw, mexanik-kadrlardı tayarlaw, texnikanı reklama etiw menen de shug'ıllanadı.

Fermer xojalıqları servis xızmetin ko'rsetiw tarawının' na'tiyjeli sho'lkemlestiriliwinde, son'g'ı ilimiy-texnika jan'alıqları na'tiyjelerinen tezlik penen paydalanıw ha'm jetekshi rawajlang'an ma'mleketler awıl xojalıg'ı na'tiyjeliliginin' ta'jriybesin u'yrenip, respublikamızdag'ı fermer xojalıqlarına a'melge asırılsa, olardın' o'siwine ja'rdem beredi.

Awıl xojalıq tarawlarına satıp alıng'an texnikalar

tablitsa 8

| Texnikalardın' turi | 2006 | 2007 | 2008 | 2009 | 2010 | 2011 | 2006-2011-j ja'mi |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Traktorlar, jami | 2111 | 1652 | 2231 | 3007 | 2671 | 2124 | 13896 |
| Aydaw traktorları | 634 | 164 | 454 | 191 | 378 | 546 | 2367 |
| Surim traktorları | 1182 | 1293 | 1174 | 1697 | 1359 | 1098 | 7803 |
| Traktor tirkemeleri | 368 | 250 | 348 | 1421 | 691 | 882 | 3960 |
| Kultivatorlar | 503 | 279 | 440 | 1433 | 633 | 315 | 3603 |
| Shigit seyalkaları | 352 | 178 | 237 | 215 | 320 | 552 | 1854 |
| Pluglar | 130 | 90 | 117 | 244 | 67 | 153 | 801 |
| Da'n orıw kombaynları | 116 | 93 | 332 | 123 | 167 | 245 | 1076 |

Awıl xojalıg'ı texnikaların jan'alaw boyınsha alıp barılıp atırg'an maqsetli ilajlar na'tiyjesinde keyingi 6 jıl ishinde ja'mi 13896 traktor, 3960 traktor tirkemesi, 3603 kultivator, 1076 da'n orıw kombaynı ha'm basqa joqarı o'nimli texnikalar satıp alıng'an.

Ko'p tarmaqlı fermerlik xojalıqlardı rawajlanıwındag'ı tiykarg'ı mashqala sonnan ibarat, awıl xojalıg'ı texnikalıq ta'miyinleniwinin' ha'zirgi jag'dayı ha'm parklerdegi bar bolg'an texnika jaqın jıllarda fermerlik sektorının' sezilerli da'rejede ken'eyiwine imkaniyat bermeydi. Bekkemlenip qalatug'ın fermer xojalıqları maqsetke muwapıq qatnas jasaw sharayatında texnika servis kooperativleri xızmetinen paydalanadı. Fermerlerdi texnika menen ta'miyinlewdi kooperatsion baylanıslar tiykarında aymaqlıq texnika oraylarının' xızmetleri esabınan ta'miyinlew mu'mkin.

Fermer xojalıqlarına o'ndiris ha'm texnika servis xızmetin ko'rsetiwdi sho'lkemlestiriw mashqalasın sheshiwdi eki bag'darda a'melge asırıw mu'mkin.

Birinshi bag'dar, ha'r-bir fermer o'zi ushın o'z ku'shi menen orınlaw an'sat ha'm arzan bolatug'ın jumıslarg'a texnikanı satıp alıwı ushın sharayatlar jaratıw. Bul tolıq, ten'lesken awıl xojalıg'ı texnikaları bazarı qa'liplesken sharayatta mu'mkin boladı. Bul texnikalar konstruktsiyası, texnikalıq ekspluatatsiya ko'rsetkishleri ha'm texnologiyalıq imkaniyatlarına
muwapıq kishi ko'lemdegi awıl xojalıg'ı o'ndirisi o'zgesheliklerine jaqsı sa'wlelengen ha'm maqsetke muwapıq bahalarda satılıwı mumkin.

Ekinshi bag'dar, fermer xojalıqlarına oraylasqan o'ndiris ha'm texnika
xızmetin ko'rsetiw sistemasın du'ziw. Bunday obektiv qa'demnin' maqsetke muwapıqlıg'ı bir qatar faktorlar menen belgilenedi: texnikanın' qımbatlılıg'ı; ta'miyinlew-texnika, transport ha'm basqa ja'rdemshi is tu'rlerine bolg'an mu'ta'jliktin' u'lkenligi; olardın' arnawlı bilim ha'm ko'nlikpeler talap etetug'ın texnologiyası ha'm sho'lkemlestiriwdin' ta'n o'zgeshelikleri; olardı orınlawg'a jumsalatug'ın waqıt jumsalılıwlarının u'lkenligi; iri xızmet ko'rsetiw strukturalarının' jumısına qarag'anda joqarıraq u'nimlilikke iye ekenligi.

Bugingi kunde Qaraqalpaqstan Respublikasında fermer xojalıqlarına sha'rtnama tiykarında xızmet ko'rsetetwg'ın 129 janılg'ı ha'm maylaw, 103 mineral to'gin, 129 zooveterinariya shaqapshaları, 103 minibank, 132 MMTP, 125 suwdan paydalanıw ha'm basqada xojalıq shaqapshaları xızmet ko'rsetpekte. Bunnan tısqarı, ko'p tarmaqlı xızmet ko'rsetetwg'ın 174 fermer xojalıg'ının' dizimi belgilenip, servis xızmetin rawajlandırıw maqsetinde 267 joybar tan'lap alındı.

### 3.1. Fermer xojalıqlarının' jer maydanların optimallastırıw

Fermer xojalıqlarının' erisilgen na'tiyjeleri olardın' agrarlıq tarawda o'ndiristi sho'lkemlestiriwde ha'm onı rawajlandırıwda en' joqarı na'tiyjelerge iye bolmaqta. Fermer xojalıqların rawajlandırıwda ma'mleketimiz ta'repinen islep shıg'arılg'an ilajlardın', belgilengen wazıypalardın' a'melge asırılıwı ha'mda femer xojalıqları ushın en' tiykarg'ı wazıypalardın' biri olardın' finans turaqlılıg'ın, ha'm ekonomikalıq na'tiyjeligin arttırıwdag'ı za'ruri ma'selelerdi iske asırıw talap etilmekte. Fermer xojalıqlarının' o'n'diris na'tiyjeligin arttırıwdag'ı tiykarg'ı ma'selelerden bir olarg'a ajratılg'an jer maydalarınan tolıq paydalanıwdan ibarat boldı.

G'a'ressizliktin' da'slepki jıllarında fermer xojalıqların rawajlandırıw ushın 1991-jılda 200-mın' gektar jer maydanı belgilendi. 1994-jılda qosımsha 100-mın' gektar jer ajratıp berildi. 2005-jılg'a kelip fermer xojalıqlarının' jer maydanı 2935,4 mın' gektarg'a jetti, ha'r bir fermer xojalıqları ushın ortasha esaptan 28,2-gektar jer maydanı turı keldi. Bul jılda fermer xojalıqlarının' sanı 103,9 mın' xojalıqlardan ibarat edi. 1993-jılda ha'r-bir fermer xojalıqları ushın 8,7 gektar jer maydanı turı kelgen bolsa, 2005-jılda bul ko'rsetkish 28,2-gektarg'a jetken edi, 1993-jılg'a salıstırg'anda ha'r-bir fermer xojalıqlarına turı keletin jer maydanlarının' ko'lemi 3,4 ma'rte arttqan edi. Fermer xojalıqlarında islewshilerdin' sanı da'slepki jıllarda 765,3 mın' islewshiler ha'm 95,2 mın' ja'rdemshi miynetkeshlerden ibarat bolg'an edi.

2004-jılda fermer xojalıqları esabınan 1828,3 mın' tonna paxta,

2384,9 mın' biyday, 43,1 mın' tonna kartoshka ha'm 384,4 mın' tonna palız, 174,1 mın' ovosh, 88,8 mın' tonna sut, 77,4 mln dana ma'yek jetistirildi. Usı jıllar aralıg'ında diyqan ha'm fermer xojalıqlarının' o'nim jetistiriwdegi ulesi: biyday – 47,0 protsent, paxta – 51,7 protsent, kartoshka – 4,8 protsent, go'sh – 2,2 protsent, sut – 2,1 protsent, ma'yek– 4,2 protsent bolg'an.

Ekonomikalıq reformalardın' da'slepki basqıshlarında-aq zıyan ko'rip islep atırg'an shirket xojalıqların basqıshpa–basqısh juwmaqlap, fermer xojalıqlarına aylandırıw boyınsha u'lken ko'lemli reformalar a'melge asırıldı.

Agrar tarawda a'melge asırılıp atırg'an u'lken ko'lemli reformalarda birinshi na'wbette mulkti ma'mleket ıqtıyarınan shıg'arıw ha'm jekelestiriw, tu'rli mulk formalarında, en' a'wele jeke mulkshilikke tiykarlang'an xojalıq ju'ritiw formaların ja'riyalawg'a za'ru'r itibar qaratıldı. Ekonomikalıq reformalardın' da'slepki basqıshlarında-aq zıyan ko'rip islep atırg'an shirket xojalıqların basqıshpa–basqısh juwmaqlap, fermer xojalıqlarına aylandırıw boyınsha u'lken ko'lemli reformalar a'melge asırıldı. Bul reformalar na'tiyjesinde 1999-2007-jıllarda ja'mi 2102 kelesheksiz shirket xojalıg'ı basqıshpa–basqısh jawılıp, olardın' tiykarında 158738 fermer xojalıg'ı sho'lkemlestirildi.

Fermer xojalıqların ken' ko'lemde rawajlandırıwdın' da'slepki basqıshlarında fermer xojalıqlarının' jer maydanlarının' kishi ko'lemde bolıwı, xojalıqta o'nim jetistiriw da'rejesinin' to'menlewine ha'm xojalıq ekonomikasının' arttırıwg'a bir qansha tosqınlıq qıldi. Ekonomikalıq jag'dayları to'men bolg'an fermer xojalıqlar, o'zlerin texnika menen ta'miynlewge, banklerden alg'an kreditlerin to'lew (likvidlik) da'rejesine yie bolalmadı. Bunday xojalıqlar bazar ekonomikasının' printsiplerinde belgilengen talaplarg'a juwap beretin da'rejede daramat alıwg'a ha'm o'z qarejetlerin o'tew mumkinshiliklerine iye bola almadı.

Usıdan kelip shıqqan halda, hu'kimetimiz ta'repinen fermer xojalıqlarnının' jer maydanların tolıq inventarizatsiyadan o'tkiziw na'tiyjesinde, olardın' jer maydanların optimallastırıw boyınsha ken' ko'lemde, puxta oylanılg'an isler a'melge asırıldı. Optimallastırıw da'wirinde fermer xojalıqlarının' ekonomikalıq

na’tiyjeligin arttırıw ushın imkaniyat do’retiwshi bir qansha faktorlardı a’melge asırıw belgilendi.

2008-jılda awıl xojalıg’ı o’ndirsinin’ na’tiyjeliligin ja’ne de asırıw printsipial za’ru’r a’hmiyetke iye ekenin inabatqa alıp, fermer xojalıqlarına ajıratılıp atırg’an jer maydanların optimallastırıw barısında za’ru’r isler a’melge asırıldı.

O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 2008-jıl 6-oktyabrdegi F-3077-sanlı «Fermer xojalıqları esabındag’ı jer maydanların optimallastırıw ilajları xaqqında»-g’ı pa’rmandı iske asırıw na’tiyjesinde 2009-jılda Respublikamızdag’ı fermer xojalıqlarının’ sanı 215 776-dan 105 200 bolıp yag’ni 52 protsentke kemeytirildi, na’tiyjede ha’r-bir fermer xojalıqlarına tuwrı keletug’ın jer maydanları ortasha esaptan 27,4 gektardan 56,5 gektarg’a shekem aralıqta ko’beytirildi.

O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 2009-jıl 22-oktyabrdegi «Fermer xojalıqları esabındag’ı jer maydanların ja’nede optimallastırıw ilajları xaqqında»-g’ı F-3287-sanlı pa’rmang’a tiykarlanıp fermer xojalıqlarının’ jer maydanları ja’nede ken’eytirildi.

Sonnan kelip shıqqan halda, jer maydanların tolıq inventarizatsiyadan o’tkeriw ha’m fermer xojalıqları xızmetin sın ko’z-qarastan bahalaw tiykarında olardın’ jer maydanların optimallastırıw boyınsha ken’ ko’lemli, sonın’ menen birge, puqta oylanılg’an isler a’melge asırıldı. Bunda fermer xojalıqlarının’ qaysı tarawg’a qa’nigeleskenligi ha’m ma’mleketimizdin’ tu’rli aymaqlarındag’ı xalıqtın’ tıg’ızlıg’ı ayrıqsha itibarg’a alındı.

Puxta oylang’an da’stu’r tiykarında 2008-2010-jıllar dawamında o’tkerilgen optimallastırıw na’tiyjelerine baylanıslı fermer xojalıqlarının’ jer maydanları ko’lemi optimallastırıldı.

Bul bag’darda fermer xojalıqlarının’ ekonomikalıq o’nimdarlıg’ın o’siriwge imkan jaratıwshı to’mendegi usıllar itibarg’a alındı:

- fermer xojalıqları ıqtıyarındag’ı jer maydanlarinan tikkeley konturlarda, jeke ta’rtipte maqsetli ha’m utımlı paydalanıwdı ta’miynlew;

- fermer xojalıqlarının’ qaysı tarawg’a qa’nigeleskeni ha’m ma’mleketimizdin’ tu’rli aymaqlarındag’ı xalıq tıg’ızlıg’ın itibarg’a alıw;
- suw ha’m basqa zat resursların tejeytug’ın jan’a agrotexnologiyalardı qollanıwg’a qolay sharayat jaratıw;
- u’lkeytilgen fermer xojalıqlarının’ kompleks mexanizatsiyalasıwı boyınsha finanslıq imkaniyatların ken’eytiw;
- zıyan menen islep atırg’an ha’m o’zin aqlamay atırg’an kishi fermer xojalıqlarının’ xızmetine shek qoyıw.

Belgilengen ilajlardı iske asırıw na’tiyjesinde 2009-jılg’a kelip O’zbekstan Respublikası boyınsha 217130 fermer xojalıqları sho’lkemlestirilgen, olarga ajratılg’an jer maydanlarının’ ko’lemi 5577,8 mın’ gektar, xojalıqta islewshilerdin’ sanı 1,6 mın’ adamnan ibarat bolıp, ha’r-bir fermer xojalıqlarına tuwrı keletin jer maydanı 25,6 mın’ gektar.

A’melge asırılg’an optimallastırıw barısı na’tiyjesinde, 2011-jıl juwmag’ı boyınsha, respublikamızdag’ı fermer xojalıqlarının’ sanı 2008-jılda 215776 den 66134-ge yag’nıy 69,4 protsentke kemeyttirildi,olardın’ jer maydanı 5297,3 mın’ gektar bolıp, bunda bir fermer xojalıg’ına tuwrı keletug’ın ortasha jer maydanı ko’lemin 27,4 gektardan 80,1 gektarg’a shekem ko’beytiwge erisildi. Ortasha bir fermer xojalıg’ına tuwrı keletug’ın jer maydanın tarmaqlar boyınsha alıp qaraytug’ın bolsaq, bul ko’rsetkish paxtashılıq ha’m g’a’lleshilikte 106,3 gektarg’a, palızshılıqta 23,5 gektarg’a, bag’manshılıq ha’m ju’zimshilikte 13,1 gektarg’a, sharwashılıqta bolsa 164,5 gektardan 205 gektarg’a shekem ko’beydi.

Awıl xojalıg’ın reformalaw boyınsha anıq maqsetke bag’darlang’an jumıslar alıp barılmaqta. Bunın’ na’tiyjesinde son’g’ı jıllarda awıl xojalıg’ı tu’p-tiykarınan o’zgerdi. Shirketlerdi fermer xojalıqlarına aylandırıw protsesi is ju’zinde juwmaqlandı. Jeke fermer xojalıqları shın ma’nisinde awıl xojalıg’ın o’ndirisinin’ tiykarg’ı formasına, tarawdı turaqlı ha’m na’tiyjeli rawajlandırıwdı ta’miyinleytug’ın jetekshi ku’shke aylandı. Ha’zirgi ku’nde respublikamızda 23-mın’nan aslam fermer xojalıg’ı xa’reket etpekte, olarda 1,8 million adam miynet etpekte, awıl xojalıg’ı egislik maydanlarının’ derlik 85 protsenti usı xojalıqlardın’

u'lesine tuwra keledi. Elimiz boyınsha tayarlang'an ulıwma paxta zu'ra'a'tinin' 99 protsenti, g'a'llenin' 85 protsenti fermer xojalıqları ta'repinen jetistirildi. Respublikamızda tayarlanıp atırg'an awıl xojalıq o'nimlerinin' ulıwma ko'leminde fermer ha'm diyqan xojalıqlarının' u'lesi 2008-jılda 95 protsentti qurasa, 2012 jılda bul ko'rsetkish 99,1 protsentti quradı.

O'zbekstan Respublikasındag'ı fermer xojalıqlarının' jer maydanlarının o'zgerisi

tablitsa-4

| № | Ko'rsetkishler | 2004 | 2006 | 2008 | 2009 | 2010 | 2011 | 2011/2004 j % |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Fermer xojalıqlar sanı | 103921 | 121917 | 215776 | 105200 | 80628 | 66134 | 6,4 ese |
| 2 | Jer maydanı mın' ga | 2935,4 | 4881,9 | 55,7 | 55,9 | 56,5 | 52,9 | 180,2 |
| 3 | Ha'r-bir fermer xojalıg'ına tuwrı keletug'ın jer maydanı | 28,2 | 26,3 | 25,6 | 27,4 | 60,7 | 80,1 | 28,4 ese |
| 4 | Fermer xojalıqlarda islewshler sanı | 7,6 | 1,4 | 1,6 | 1,63 | 1,7 | 1,8 | |

Joqarıdag'ı tablitsada fermer xojalıqların' jer maydanların optimallastırıw esabınan xojalıqlardın' sanının' ha'm jer maydanlarının' o'zgerisi analiz islegen, 2004-jılda fermer xojalıqlar sanı, ha'r-bir xojalıqqa tuwrı kelgen jer maydanı 28,2 gektardan ibarat bolg'an, belgilengen ilajlardı iske asırıw yag'nıy jerlerdi optimizatsiyalaw na'tiyjesinde bul ko'rsetkishler 2011-jılg'a kelip 80,1 gektardan ibarat bolg'an.

O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimovtın' 2010 jılda ma'mleketimizdi sotsial-ekonomikalıq rawajlandırıw juwmaqları ha'm 2011 jılg'a mo'lsherlengen en' a'hmiyetli baslı bag'darlarına bag'ıshlang'an O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' ma'jilisindegi bayanatında awıl xojalıg'ın reformalaw, fermer xojalıqlarına bekitilgen jer uchastkaların optimllastırıw, paxta ha'm g'a'llenin' satılıw bahaların asırıw boyınsha a'melge asırılıp atırg'an isler

na'tiyjesinde ekonomikamızdın' agrar sektorında sapalı o'zgerisler ju'z berip atırg'anlıg'ın, tiykarınan jerlerdin' meliorativ ahwalın jaqsılawg'a qaratılg'an joybarlardı a'melge asırıw ushın 150 milliard sumnan artıq qarjı ajıratılg'anlıg'ın aytıwımız mu'mkin.

Sonday-aq, Qashqadarya, Buxara, Nawayı, Surxandarya, Sırdarya, Jizzax wa'layatları, Oraylıq Ferg'ana aymaqları ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasında irrigatsiya ha'm melioratsiya qurılmaların qayta tiklew ushın 2010 jılda xalıqaralıq qarjı institutlarının' 62 million dollardan zıyat qa'rejetleri ajıratılg'an. A'melge asırılıp atırg'an sonday ken' ko'lemdegi isler na'tiyjesinde 260 mın' gektar suwg'arılatug'ın jerdin' meliorativ jag'dayı jaqsılandı ha'm bul awıl xojalıg'ı eginlerinin' o'nimdarlıg'ın, fermer ha'mde diyqan xojalıqlarının' da'ramatın asırıw ushın bekkem tiykar bolıp xızmet etpekte.

Fermer xojalıqlarının' jer maydanların optimallastırıw na'tiyjesinde suwg'arılatug'ın jerlerden paydalanıwdın' na'tiyjeligin arttırıwda awıl xojalıq eginlerin suwg'arıwda joqarı da'rejeli suwg'arıw usıllarınan paydalanıw u'lken ahimietke iye. Keyingi jıllarda ma'mleketimizdin' ayırım aymaqlarında eginlerdi suwg'arıwdın' jan'a texnologiyalarınan paydalanbaqta. Usı usıllardan paydalanıwda 2011-jıldın' o'zinde 1571 gektar jerlerdi tamshılap suwg'arıw texnologiyasınan paydalanıldı ha'mde 543 gektarga jerlerge polietilen plyonka to'sew usılları boyınsha suwg'arıldı.




2.1-suret. Fermer xojalıqlarnın' jer maydanın optimallastırıw na'tiyjesindegi o'zgerisler.

2.1-suretindegi mag'lıwmatlarg'a qarag'anda 2010-jılda fermer xojalıqlarının' jer maydanların optimallastırıw isleri ja'nede bekkemlendi. Usının' esabınan 2010-

jılda O’zbekstan Respublikası boyınsha 80628 fermer xojalıqları bolsa, 2011-jılg’a kelip olardın’ sanı 66134 xojalıqlardan ibarat, 2013-jılda 23 mın’nan aslam fermer xojalıqları is alıp barmaqta.

Qaraqalpaqstan Respublikasın’ awıl xojalıg’ında ekonomikalıq reformalardı teren’lestiriwde, fermer xojalıqlarının’ jer maydanların optimallastırıwda na’tiyjesinde jeke sektordın’ u’lesi arttıp barmaqta.

Bugingi ku’nde respublikada 3632 fermer xojalıqları is alıp barmaqta, usının’ 3147-diyqanshılıqta, 439 sharwashılıqta ha’m 43 balıqshılıqqa 3 basqada xojalıq tarawları boyınsha qa’niygelesken tu’rde is alıp barmaqta.

Olarg’a 544413,4 mın’ gektar jer maydanları ajratıp berilgen, usının’ 301918,8 mın’ gektarı egislik jer maydanlarınan ibarat. Respublikamızdag’ı fermer xojalıqlarında 60,5 mın’ adam xızmet etpekte.

Qaraqalpaqstan Respublikasındag’ı fermer xojalıqlarının’ jer maydanları

Tablitsa 9

| № | Ko’rsetkishler | 2011 | 2012 | 2013 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Fermer xojalıqlarının’ jer maydanı ga | 564516,0 | 555605,0 | 544413,4 |
| 2 | Ha’r bir fermer xojalıqlarına tuwrı keletug’ın jer maydanı | 164,9 | 156,4 | |
| 3 | Paxta ha’m g’a’lleshilikte bir f/x tuwrı keletug’ın jer maydanı | 183,0 | 175,9 | |
| 4 | Ovosh ha’m palızshılıqta bir f/x tuwrı keletug’ın jer maydanı | 212,3 | 62,8 | |
| 5 | Bag’shılıq ha’m juzimshilikte bir f/x tuwrı keletug’ın jer maydanı | 11,0 | 11,5 | |
| 6 | Sharawshılıqta bir fermer xoj-na tuwrı keletug’ın jer maydanı | 141,2 | 155,7 | |

Qaraqalpaqstan Respublikasındag’ı fermer xojalıqlarının’ jer maydanları optimallastırıw esabınan qanday na’tiyjelikke iye bolmaqta, bunday o’zgerislerdi jetistiriletin o’nim turleri boyınsha ajratılg’an jer maydanlarının’ ozgerisinde

ko’riwge boladı.

Jetistiriletug’ın o’nim tu’rleri boyınsha fermer xojalıqlarının’ jer maydanı ha’m o’nimdarlıq

Tablitsa 6

| O’nim turleri | 2010-j | 2012-j | 2013-j | o’zgeris+,- esabında |
|---|---|---|---|---|
| Paxta jer maydanı mın’.ga | 97,8 | 93,8 | 93,8 | -4 |
| O’nimdarlıq ts/ga | 19,2 | 22,8 | 22,1 | +2,9 |
| Da’nli egnlikler maydanı mın’.ga | 87,2 | 92,6 | 68,8 | 18,4 |
| O’nimdarlıq ts/ga | 26,0 | 23,0 | 25,0 | -1,0 |
| Shalı jer maydanı mın’.ga | | 37,3 | 8,7 | |
| O’nimdarlıq ts/ga | | 24,1 | 28,7 | |
| Ovosh jer maydanı mın’.ga | 2,8 | 3,0 | 3,7 | +9 |
| O’nimdarlıq ts/ga | 161,5 | 218,5 | 180,2 | +18,7 |
| Palız jer maydanı mın’.ga | 2,8 | 3,4 | 3,8 | +1,0 |
| O’nimdarlıq ts/ga | 127,2 | 131,4 | 124,4 | -2,8 |
| Kartoshka jer maydanı mın’.ga | 3,1 | 1,2 | 1,4 | -1,7 |
| O’nimdarlıq ts/ga | 75,7 | 77,5 | 64,8 | -10,7 |

Bul tablitsada awıl xojalıg’ındag’ı jer maydanları optimallastırıw yanıy intinsiv usullar na’tiyjesinde jetistiriletin o’nimlerdin’ o’nimdarlıq da’rejesinin’ o’zgeriso\lerin analiz islegenimizde paxtanın’ egin maydanı 2013-jılda 2010-jılga salıstırg’anda 4 gektarg’a kemeygen, usı jılda paxtanın’ o’nimdarlıg’ı gektarına 2,9 tsentnerge artqan, bunda sapa ko’rsetkishler esabınan o’nimdarlıq artpaqta.

# JUWMAQLAW

Ma’mlekettimiz ekonomikasında a’melge asırılıp atırg’an teren’ strukturalıq o’zgerisler, awıllarımız turmısında joqarı na’tiyjelerge erisiwde, ba’rinen burın awıl xojalıg’ı o’ndirisin sho’lkemlestiriwdin’ tiykarg’ı tu’ri sıpatında fermerlikti jolg’a qoyg’anımız ha’m onın’ rawajlanıwı ushın ken’ imkaniyatlar jaratıp bermekte.

Fermer xojalıqların ken’ ko’lemde rawajlandırıwdın’ da’slepki basqıshlarında fermer xojalıqlarının’ jer maydanlarının’ kishi ko’lemde bolıwı, xojalıqta o’nim jetistiriw da’rejesinin’ to’menlewine ha’m xojalıq ekonomikasının’ arttırıwg’a bir qansha tosqınlıq qıldi. Ekonomikalıq jag’dayları to’men bolg’an fermer xojalıqlar, o’zlerin texnika menen ta’minlewge, banklerden alg’an kreditlerin to’lew (likvidlik) da’rejesine yie bolalmadı. Bunday xojalıqlar bazar ekonomikasının’ printsiplerinde belgilengen talaplarg’a juwap beretin da’rejede daramat alıwg’a ha’m o’z qarejetlerin o’tew mumkinshiliklerine yie bola almadı.

Bugingi fermer xojalıqlarının’ na’tiyjeli jumıs alıp barıwı o’zinin’ ıktıyarında ijara tiykarındag’ı jeterli egislik jerlerge iye bolg’an joqarı na’tiyjeli zamanago’y, aldıng’ı texnika menen ta’miynlengen, aldıng’ı texnologiyalardan puqta yielegen iri xojalıqlar bolıp tabıladı.

Prezidentimiz ta’repinen fermer xojalıqlarına ko’rsetilip atırg’an g’amqorlıg’ının’ na’tiyjesinde, olardın’ jalpı ishki o’nimdegi u’lesi jıldan-jılg’a artıp barmaqta.

O’zbekstanda Respublikasında awıl xojalıg’ının’ tutqan ornı ha’m o’zgesheligi ja’ne bazar ekonomikasına o’tiw menen baylanıslı bolg’an ekonomikalıq reformalardın’ a’melge asırılıwı bag’darında erisilgen tabıslar, jol qoyılg’an kemshilikler ha’m de toplang’an ta’jiriybeler ferme ha’m diyqan xojalıqlarının’ rawajlandırıwdın’ tiykarg’ı basqıshtag’ı jag’dayın belgilep beredi.

O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 2009-jıl 26-yanvardag’ı PQ-1047-sanlı “Azıq-aӯqat o’nimlerin islep shıg’arıӯdı ken’eyttiriӯ ha’m ishki bazardı toltırıӯ boyınsha qosımsha is-ilajlar haqqında”-g’ı qararının’ orınlanıӯı boyınsha,

respublikamızda fermer, diyqan ha'm jeke xojalıqlardın' o'ndiris jag'dayların ken'etiriw ilajları alıp barılmaqta. Usı belgilengen ilajlardı iske asırıw maqsetinde diyqan xojalıqlarının' ishinde 2013-jılda Qaraqalpaqstan Respublikasında 2028 jeke xojalıq tarawları esabınan awıl xojalıq o'nimleri jetistirilmekte.

Fermer ha'm diyqan xojalıqlarının' na'tiyjeligin arttırıwdag'ı belgilengen pa'rmanlardın', qararlardın' ha'm ilajlardın' iske asırılıwı, orınlanıwı menen bir qatarda o'z pikirimdm ha'm usınıslarımdı aytpaqshıman:

- awıl xojalıg'ın intensiv tiykarda rawajlandırıw, jerlerdin' meliorativ xalın tup-tiykarınan jaqsılaw;

- awıl xojalıg'ında selektsiya jumısların teren'lestiriw;

- joqarı na'tiyjeli zamanago'y agrotexnologiyalardı engiziw ha'm suwdan na'tiyjeli paydalanıwda tamshılap suwg'arıw islerin engiziw;

- xalqımızdın' azıq-awqat o'nimlerine bolg'an talapların tolıq qanag'atlandırıw maqsetinde qusshılıq, balıqshılıq, pal ha'rreshilik tarawların ja'nede rawajlandırıw;

- fermer xojalıqlarına egislik jer maydanların bekitken uaqıtlarda, olardın' miynet resursları menen ta'miyinleniw da'rejesine itibar beriw;

- fermer xojalıqlarında jetistirilgen o'nimlerdi qayta islewshi xojalıq ka'rqanaların sho'lkemlestiriw islerin ja'ne de ken'itiriw;

- fermer xojalıqlarında jetistirilgen o'nimlerdi qayta islewshi xojalıq ka'rqanaların kredit ha'm mikrokreditler menen ta'minlew;

- agrar tarmaqta servis xizmetlerin ko'rsetiw tarawın rawajlandırıw.

PAYDALANGAN A’DEBİYATLAR


1. O’zbekiston Respublikasining «Mulkchilik to’g’risidagi» qonuni. T: «Adolat» 1991 jıl

2. O’zbekiston Respublikasining «Er kodeksi to’g’risidagi» qonuni. T: «O’zbekiston» 1998 jıl

3.O’zbekiston Respublikasining «Fermer xo’jaligi to’g’risidagi» qonuni. T.: «O’zbekiston» 1998 jıl

4.O’zbekiston Respublikasining «Dexqon xo’jaligi to’g’risidagi» qonuni. T.: «O’zbekiston» 1998 jıl

5. O’zbekstan Respublikasının’ «Fermer xojalıqları haqqında»-g’ı nızamları – Xalq so’zi gazetası 2004 j.

6. O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ «Fermer xojalıqların rawajlandırıw Kontseptsiyası haqqında»g’ı 2003 jıl 27-oktyabrdegi PF –3342 – sanlı Parmanı.

7. O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ «Awıl xojalıg’ında reformalardı teren’lestiriwdin’ en’ tiykarg’ı jolları haqqında»g’ı 2003 jıl 24 martdag’ı pa’rmanı. «Halq so’zi» 2003 jıl mart.

8.Karimov I. A ”O’zbekston siyosiy iqtisodiy istiqbolining asosiy tamoiyllari” T 2005

9.Karimov I–O’ZBEKSTON SIYOSIY ISLOHATLARNI CHUQURLASJTIRISH YO’LIDA” T -O’zbeksiton 1996 jil

10. O’zbekstan Respublikasının’Prezidenti İ.A.Karimovtın’ «2014-jıl joqarı pa’tler menen rawajlanıw, ba’rshe imkaniyatlardı iske qosıw, o’zin aqlag’an reformalar strategiyasın izbe-iz dawam ettiriw jılı boladı» 2013-jıldın’ juwmaqları ha’m 2014 jılg’a ekonomikalıq bag’darlarının’ en’ a’hmiyetli wazıypaları haqqındag’ı Minestrler qabinetinin’ ma’jilisindegi bayanatı. 2014-jıl 17 yanvar 21-yanvar E.K.

**12.** Avliyaqulov A.A., Nurmatov N.J., Kurbonnazarov Sh. «dexqon va fermer xwjaliklari iqtisodieti» **TERMİZ - 2007**

Qudratov T. Jonibekoa F. «Fermer xujaligi faoliyatining iqtisodiy tahlili» Samarqand - 2006 jıl

13. Kudratov T.K «Qishloq xo'jalik korxonalari xo'jalik faoliyatining tahlili. Maruzalar kursi. Samarqand. 2002 jıl

14.Kurbaniyazov.M «Fermerlik u'lken imkaniyat» Erkin Qaraqalpaqstan gazet 16-mart 2014j.

16.Xaydarov M.T. İrmatov M.M. «Respublika mintaqalarida fermer xwjaliklarini rivojlanish strategiyasi» jurnal B.P.K. 2009 j

17.Farmanov.T X "Fermerxojaliklarini rivojlantirish istiqbollari" T 2004

18. Fermerlik foaliyatining huquqiy va miliyaviy asoslari" Tosh 2004

19 .Fermer Xojalıqlarının' potentsialın artpaqta. Erkin Qaraqalpaqstan gazet 3-aprel 2014j.

20. O'zbekiston Respublikasi iqtisodiy-ijtimoiy taraqqiyotining mustaqillik yillaridagi (1900-2010 yillar) asosiy tendentsiya va ko'rsatkichlari hamda 2011-2015 yillarga mwljallangan prognozlari. Statistik toplam.

21.Qaraqalpaqstan Respublikasının' Ekonomika Ministirliginin' 2011-2013 jılg'ı mag'lumatları.

22.Qaraqalapqstan Respublikasinin' 2011-2013 jstatistik mag'liwmatlari

23.www.google.uz

24.www.bpk.uz

25.www.uzreport.uz

26.www.uza.uz

27.www.gov.uz